ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№130 (22.788) • 2014 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 8 , гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 10-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Москва, Кремль. *2014 гъэ, бадзэуэгъуэм и 7-м. Сурэтымрэ тхыгъэмрэ kremlin.ru сайтым къытхыжащ.*

Путин Владимир КъБР-м и Iэтащхьэ и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий Iуощ

● Дыгъуасэ

Лжьыгъэ Iуэхур зи лъабжьэ зэIущIэр щекIуэкIым КIуэкIуэ Юрий Урысей Федерацэм и Президентыр щыгъуэзэ ищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыIэ социально-экономикэ щытыкIэмрэ щIыналъэм зегъэужьынымкIэ зэфIагъэкIыну я мурадхэмрэ.

Путин Владимир: Юрий Александр и къуэ, Iэхуэхуэр сыт хуэдэу щыт? Абыхьэм сыт хуэдэу фехъуIэрэ? Псэуныгъэм егъэщIылIа Iэхуэхэм, ахэр зэфIэгъэкIа зэрыхъум къыщыщIэдгъадзэ. Ухэр сэрэ фIыуэ дызыщыгъуазэ икIи куэдрэ дызытепсэлъыхьа псэуныгъэ Iэхуэхэм. Сыноль эIу, къыщIэдзэ.

КIуэкIуэ Юрий: Владимир Владимир и къуэ, иужь ильэсхэм республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм гуГъуэкъэхэр хэлъэр пэжщ. Абы къыхэкIыу, а щхьэусыгъуэхэр къэтлъытэри, дэ Финансхэмкlэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ, Щlыналъэ зыужьыныгъэмкlэ министерствэхэм, Iэхуэм зи сэбэп хэлъ адрей министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ ди гъуэгу экономикэм и екуэхьынгъэр къыхэтедгъэувIэну Iэмал къыдзыта Iэхуэгъуэшхуэхэр дубзыхуащ. Абы и мызакъуэу, гъатхэпэм и кIэмрэ мэлыхьыхьым и пэщIэдзэмрэ ди экономикэм зэрыщыту зиIэтыжу хуежьащ. Промышленностым къыщIигъэкIым и индексыр проценти 107,2-рэ, ухуэныгъэм хэтлъхьэ инвестициэхэр проценти 120,8-рэ нобэ хъуащ. Дэ ди деж экономикэм и щытыкIэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэ псори мы зэманым Урысейм ику иту щызекIуэхэм нэхъ щынэхъ инщ. Ар блэкIа мазитхум.

Путин Владимир: ЛъэхапщIэ курытыр сыт хуэдизрэ хьурэ?

КIуэкIуэ Юрий: Пэжьапщ1э курытыр нэгъабэ елъытауэ нэхъ инщ - сом мин 18,555-рэ.

Путин Владимир: Зэрыхэхъуэ псынщIагъэр-щэ?

КIуэкIуэ Юрий: Нэгъабэ елъытауэ проценти 111,1-рэ и псынщIагъщ. Абы къыдэкIуэу накъыгъэ указхэм япкъ иткIэ, «Гъэгу картэм» ипкъ иткIэ а указхэм къыщыгъэльэгъуа Iэщ1агъэхэм улахуэхэм щыхохьуэ ику иту яубзыхуахэм нэхърэ нэхъ псынщIэу. Псом япэу ахэр дохутырхэмрэ курыт школхэм щезыгъаджэхэмрэщ. НэгъуэщI унэтIынигъэхэми дыльэоIэс. Иджы псом хуэмыдэу мыхьэнэшхэ зиIэм теухуауэ. Ялъ ильэс ныкъуэм зэкIэ къэрикIуахэм ятепщIыхьмэ, бюджет псоми яIэрыхьэ хэхъуэхэр нэхъыбэ хъуащ. Абы ди дежкIэ мыхьэнэ щхьэхуэ иIэщ. Бжыгъэр процентн 120,2-рэ мэхъу.

Путин Владимир: Гулъытэ щхьэхуэ хуэщIыпхъэу уэ къэпльытэр сыт хуэдэ къалэнхэра?

КIуэкIуэ Юрий: Владимир Владимир и къуэ, сэ сызытепсэлъыхьар, сызэрелъмкIэ, тча ялъ ильэс бакъуэхэм я закъуэ къудейщ. Дэ иджы къыдгурыIуащ тщIэн хуейр. Зи гугъу пхуэсщIа ди лжьэгъуэкр (Iэщ1агъэлIэр накIуэри хуабжьу къыддэIэпыкъуащ) ди гъуэсу социальнэ Iэнатlэхэми экономикэ Iэнатlэхэми зэпымыууэ зэрызедгъэужьыну Iэхуэхэм я проект дубзыхуащ. Арщхьэкlэ дэ, итIани, зымащIэкlэ нэхъ мыхъуми зитчын хуейщ. Дэ зэрыдубзыхуам тету псори екIуэкIмэ, валовэ щIыналъэ продуктым хуэди 2,3-кIэ зиIэтынущ.

Путин Владимир: Сыт хуэдизэ зэман дэкIмэ?

КIуэкIуэ Юрий: 2018 гъэр къэсыхукIэ. Абы къыхэкIыу сыщогугъ дэ иджыпсту зэфIэдгъэкIа Iэхуэхэм дызэрыт щытыкIэм дыкъраыщIыну. ЕтIуанэр. Владимир Владимир и къуэ, Уэ ущыгъуаззщ ди деж щыщыIа жылагъуэ политикэ щытыкIэм. Экстремист, террорист унэтIныгъэ зиIэ щIэпхъаджагъэхэр ялэжьуэр иужь ильэсхэм щытыкIэр зэIэгъэхьэну ущIэкъуащ. ЖысIэн хуейщ дэ Iэху псори гъэзэщIакIуэ властым и органхэм, хабзэхъумэ органхэм, абыхэм яхэтащ спецслужбэри, прокуратурэри, щыщ ди лжьэгъуэр ди гъуэсу зэрызэфIэдгъэкIар. Дэ граждан жылагъуэр жыджэру Iэхуэм хэдгъэхьащ. Дэ ди жылагъуэр къаруушхуэщ икIи дызэгъусэу тKIиягъыр къэдгъэщIащ.

Абы къыдэкIуэу, Уэ зэрыпщIэщи, щIэнхъаджащIэ гупхэр гъэкIуэдыным теухуа Iэхуэ зыбжанэ екъуIэныгъэшхуэ хэлъу зэфIэдгъэкIащ. Абы Iэмал къыдитащ ди къарури мылькыри цIыхухэм я щынагъуэнщагъэмрэ жылагъуэ хабзэмрэ кIыхь-гъэпэщынымк хузэщIэдгъэуIэну. Си гугъэщ мы зэманым республикэм щытыкIэр щызэпIэзэрыту.

Иджы зыхудогъэхьэзыр я фIэфIыныгъэр къагъэлъэгуэну цIыхухэм Iэмал еттыну, Уэ зэрыпщIэщи, Парламентыр хахынщ. Мис апхуэдэ щытыкIэ ди деж щыщIыщ.

● Политикэ партхэм

Дзыхь зрагъэзхэр къагъэлъагъуэ

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым КъБР-м щиIэ щIыналъэ къудамэм иджы дыдэ конференц иригъэкIуэкIащ. Абы щаубзыхуащ КъБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэм а партым и цIэкIэ и кандидатхэр. Щэхуу Iэ яIэтри, кандидатхэм я спискэм цIыху 51-рэ хагъэхьащ.

АБЫ и пашэщ партым КъБР-м щиIэ къудамэм и Iэтащхьэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, политик цIэрыIуэ, республикэм и Парламентым и депутату нэхъапэм тIуэнейрэ хаха Урысейм щIыхь зиIэ и энергетик Кебеков Владимир. Делегатхэм апхуэдэу дзыхь хуащIащ КъБКъАУ-м товароведенэмрэ коммерцэмкIэ и факультетым и декан Азычэ Светланэ, «АССО» ОАО-м и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ Настаев Алисолтан, «Русский продукт» ООО-м и Iэтащхьэ и къуэдзэ, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Сэкрэк Владимир, уэчыл, партым Прохладнэ районым щиIэ къудамэм и унафэщI Бирюк Александр сымэ, республикэм къыщацIыху икIи пщIэ зыщыхуащI нэгъуэщI цIыхухэри. Партым и совет нэхъыщхьэр арэзы зытехъуа спискэм и телъхьэу Iэ яIэтащ делегат 41-м щыщу 37-м.

Конференцым щаубзыхуащ партым и къудамэхэм я уполномоченнэхэр, партым и дамыгъэмрэ гербымрэ, апхуэдэу хэхьныгъэм зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм къагъэзэгъэпыну печатыр. Абы нэгъуэщI Iуэхухэми щытепсэлъыхьащ.

ПАГУЭ Щу.

Тхьэмахуитl хуэдиз

● Гъавэ-2014

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и тафэтес районхэм бжьыхьэсэ кхъкIыгъэхэр – хьэр, гуэдзыр, жылапхъуэ яГъэкIа рапсыр - щыIуахыж. Дыгъуасэ ирихьэлIэу къыщэрабжамкIэ, гектар мини 10,5-м ГъавэкIыщрахьэлIэжащ. Ар бжьыхьэсэ псоми я процент 15 мэхъу.

ДУНЕЙМ и щытыкIэм зимыхъуэжмэ, тхьэмахуитI хуэдизэ нэхъыбэ дэмыкIыу ГъатхасэкIэ къэкIыгъэхэри (нартыхум нэмыщI) Iуахыжу щIадзэнущ. Iэщ1агъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, мы гъэм мэкъумэшыщIэхэм жылапхъэ нэхъыфIэхэр къагъэсэбэнащ, къэкIыгъэхэри тэмэму зэрахащ. А псоми я фIыщIэкIэ гъавэу, джэшхэкIыу тонн мин 800-м щIигъу къахуехьэлIэну щогугъ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Лэскэн щIыналъэ

ЩIым телэжьыхьхэр бэлэрыгъыркъым

Лэскэн районым нащэр къыщрахьэлIэж. Мы гъэм хадэхэкI зэмылIэужьыгъуэу а щIыпIэм щыхасар гектар 2.600-м нэсэрохьэс.

РАЙОНЫМ мэкъумэш хозяйствэмрэ щIыр тэмэму къэгъэсэбэпынымкIэ и управленэм и унафэщI Сабанашы Аскэрбий щыгъуазэ дыззрищIамкIэ, къыщIач нащэр занщIэу ящэ е консерв заводхэм ирагъашэ.

Нащэм мыгувэу помидорыр къыкIэльыкIуэнущ. Къищынэмыщ1ауэ, бэджэндырылажьэхэм яхэтщ кIэртIоф пасэр Iузыхьжхэри. Апхуэдэу мэкъумэш Iэнатlэхэм мы илъэсым къэбистэ, жэгундэ хасащ. Гъэр уэлбанэрилэу зэрыщытым емылъытауэ абыхэм хадэхэкI хъарзынэ кърахьэлIэ.

Районым и жылагъуэхэм гулъытэ хэха хуащIу хуежьащ «псынщIэу жыг зэрагъэкI» иджырей мардэм тет хадэхэр хэсэным. Къапщтэмэ, мы зэманым гектар миным нэблагъэ мыIэрысей пасэу, къуэжьейуэ, балией Iэрысэу яIэщ. МыIэрысэмрэ къужьымрэ шыщхьэуIу мазэм къыпачым щIадзэнущ. Жыгхэм хъарзынэу заужьащ, адэкIи абыхэм я бжыгъэм къыхагъэхъуэну мэгугъэ. «Сыти жыIи, илэ итa илъэсхэм мэкъумэшыщIэхэм гуэдзымрэ нартыхумрэ нэхъ зратауэ щытамэ, иджы пхъащхьэмыщхьэ жыг хадэхэм Iуэхур трагъащIэ, фейдэ нэхъыбэ къаззрыхуищIым къыхэкIыу», - жиIэ Сэбанашым.

Лэскэн щIыналъэм щыщхьэмыщхьэ хъумапIэ иIэхьым, ауэ жыг гъэкIыным зэрызиубгъур къэпльытэмэ, шэч къытрахьэркъым абы и ухуэным иужь зэрихьэнум.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Налшык къалэ

Иджы Iуахыж

Псалъэмакъ зэтемыхуэхэр къокIуэкI Налшык и уэрам нэхъыщхьэ Лениным и цIэр зезыхьэм и гъуэгубгъуитIым я кIыхьагъкIэ ехыу гъэ кIуам щагъэувауэ щыта, гъущIым къыхэщIыкIа къэхуэхь гъэщIэрэщIахэр зэрыIуахыжам теухуауэ. Ар къызыхэкIа щхьэусыгъуэм тхутопсэлъыхь Налшык псэупIэ-комунальнэ хозяйствэмкIэ и Iэнатlэм и унафэщIым и къуэдзэ Дудар Аскэр:

«ГЪУЩI хъархэр лъэсрызекIуэхэм сэбэп къахуэхъуу пхужьыIэнутэкъым. ЗэпрыкIыпIэхэр зэрызэпэщIэхэм къыхэкIыу, цIыхум куэд къакIухьым хуей хъурт. Къапщтэмэ, ди къалэ уэрам бгъуэзэхэм тепльэ дахи иратыртэкъым.

Къэхухьэр нэхъыбэу зытращIыхьауэ щытар гъуэгу фэбжьыр нэхъ мащIэ щIыныгъэ гъуэгубгъу щхьэунтIагъэхэр хъума хъунымрэт. АрщхьэкIэ республикэ, къалэ унафэщIхэм цIыхухэм я Iуэху епльыкIэр къалъытэри, аехуэ Iуахыжыным теухуауэ. Къэхухьэр къыщынащ еджапIэ, сабий сад зыхуэзэ щIыпIэхэм».

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Щ1эх-щ1эхьыурэ къещх уэпхьышхуэм и Iэуэкьыр щынэрылъагъур къуажэ уэрамхэмрэ гъавэ щIапIэхэмрэ я закъуэкъым, атIэ къалэ уэрамхэри ящыщщ псы уэрым и зэран зэкIхэм.

ХЭТКIИ щэхухьэм уэлбанэ нэужьым Налшык и уэрам нэхъыщхьэхэм уэру ежэх псым цIыху лъэсрызекIуэхэр гугъу зэрыригъэхьыр: псыр я лъэкIэным къэсу гъуэгухэм зэпрыкIын хуей мэхъу аэр, ар иregъэмахуэ, иребжьыхьэ. Абы къыхэкIыу щымыгуфIыкIыу къэнакъым уэшхыпс нэхъыбэ зэхуэхьэса щыхьу Лениным и проспектым къытрагъэува «лъэмыж» зэпэщ IыкIуэхэм. Ахэр, псоми гу лъатэп хуэдэу, гъуэжьыбзэу лащ икIи гъущI лъакъуэхэм тетщ.

ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ управленэм мы Iуэхум теухуауэ щыгъуазэ дыззрищIамкIэ, зы илъэси къанэркъым, уэшхыпсыр зрикIуэну бжьамийхэр зыхуей хуамыгъазэу. Арщхьэкlэ нобэкlэ къагъэсэбэн канализацэ хуэIуэхуэщIэхэм ящыщ куэд кхъахэ зэрыхъуам къыхэкIыу Iуэхур щIыпIэ-щIыпIэхэм къэлъэхъа щохьу. Дауэ мыхъуми, системэхэр къагъэщIэрэщIэжьыным и япэ щIэхьуурэ къещх уэпхьышхуэм и Iэуэкьыр щынэрылъагъур къуажэ уэрамхэмрэ гъавэ щIапIэхэмрэ я закъуэкъым, атIэ къалэ уэрамхэри ящыщщ псы уэрым и зэран зэкIхэм.

А къалэхэр зэпеуэхэр щегъэкIуэкIыным зэрыхуэхьэзырыр къэпщытэн, а Iуэхум нэхъ хуэщIар зэхэгъэкIын щIадзэнущ дызыхуэкIуэ гъэм и пэщIэдзэм. Мы илъэсым и гъэмахуэм Малайзием абы теухуауэ щекIуэкIыну гуфIэгъуэ зэхуэсым къыщIэрIуэнущ а къалэм и цIэр.

ЩIэрэдж Дисэ.

● Абы дегъэпIейтей

ЗэпрыкIыпIэхэм йолэжь

Iыхьэр зэфIэкIащ. ЕтIуанэ Iыхьэр 2016 гъэм яухуэну я мурадщ икIи а псыжапIэхэм я укъуэдиным сом мелуани 121-м щIигъу текIуэдэнущ.

Уэшхыпсыр къалэм дашын щхьэкIэ щыхьэрыр псы зэхуэхьэсыпIэ бассейну 4-кIэ зэпагъэщхьэхуакIынущ. Абы хэтынущ псыр щагъэкабзэ щIыпIэу 3. Ахэр зыхуэзэр Налшык, Щхьэлыкъуэ псыхэрщ. А зэманым ирихьэлIэу къалащхьэм уэлбанэм щыхиубыдэ дэтхэнэри щIэгъуэзвэжьи щымыIэу уэшхыпс жапIэ, зэхуэхьэсыпIэ зэпэщхэр диIэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Кхъухьлъатэзехуэ Iэзэхэм я фIыгъэкIэ

Испаниемрэ хыхьэ Каталоние щIыналъэм и къалащхьэ Барселонэ и «Эл-Прат» аэропортым щызэхьэхуэу пэтащ Аргентинэмрэ Урысей Федерацэмрэ я кхъухьлъатэхэр.

Ар къыщыхьуар кхъухьлъатэхэр къыщетIысхэ дакъикъэщ. Урысей Boeing 767-300 кхъухьлъатэм зыкъригъэлъэхьащхьэрэ щIым еIуэсиным къэнэжа щымыIэу, пилотхэм гу лъатащ Аргентинэм и «Airbus A340-300»-м а гъуэгу дыдэм къызэрыхуинэтIащ.

Iэхур зыIутыр псынщIэ дыдэу къагурыIуэри, ди кхъухьлъатэзехуэхэм унафэ къащтащ уэгум заIэтыжу етIуанэу аэропортым къыщIэхущIыхьэну. АпщIондэкIэ мыдрей кхъухьлъатэр лъэныкъуэ ирагъэзыну зэман къахудэхуэнут аэропортым щылажьэхэм. А лъэбакъуэми шынагъуэ мымащIэ пылъ, сыту жыIэмэ уэгум нэгъуэщI кхъухьлъатэ зыбжанэ итт. Апхуэдэу щытми, ар унафэ тэмэму къыщIэкIащ.

ИужькIэ Iэщ1агъэлIэм къызэрыхагъэщамкIэ, урысей кхъухьлъатэзехуэхэм я Iэзэгъэр мыхъуамэ, масыпнышагъэшхуэ къэхъунут: кхъухьхэм я зэхуакум дэлъыр зы километр закъуэт. Ар кхъухьлъатэ лъэрызехьэхэм нанIэзыпIэм зэрызэпачыр къэплъытэмэ, къайуэлIа насыпыр уи фIэщ мыхъуным хуэдизу ягъэщIагъуэ.

Дэтхэнэр нэхъ хуэхьэзыр?

2022 гъэм Щ1ымахуэ Олимп Джэгуэгр щрагъэкIуэкIыну къэралыр къыхах. Пщ1эшхуэ зыпылъ я къэлэныр гъэзэщIэным щIэбэнынущ Ослэ (Норвегие), Алма-Ата (Къазахъстан), Пекин (Китай) къалэхэр.

А унафэр хэIуцIыу щащIащ Дунейпсо Олимп Комитетым и гъэзэщIакIуэ комитетым Лозаннэ щрилъэкIа зэхуэсым.

А къалэхэр зэпеуэхэр щегъэкIуэкIыным зэрыхуэхьэзырыр къэпщытэн, а Iуэхум нэхъ хуэщIар зэхэгъэкIын щIадзэнущ дызыхуэкIуэ гъэм и пэщIэдзэм. Мы илъэсым и гъэмахуэм Малайзием абы теухуауэ щекIуэкIыну гуфIэгъуэ зэхуэсым къыщIэрIуэнущ а къалэм и цIэр.

Шеварднадзе и иужьрей гъуэгу

Дыгъуасэ дунейм ехьжащ Куржы Республикэм и президенту, СССР-м нэгъуэщI къэрал Iуэхумкlэ и министру щыта, Совет Союзышхуэм пщIэшхуэ щызиIа Шеварднадзе Эдуард. Ар КПСС-м и комитет нэхъыщхьэм къулыкъушхуэ щызыIыгъа цIыхут, и псалъэм пщIэ иIэт.

«Ар куржы лъэпкъым и къуэ нэхъыфIэхэм ящыщт, лъэпкым гуры псэкIэ къулыкъу хуэзыщIа цIыхут, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа политикт», - жиIащ Совет Союзым и президенту щыта Горбачев Михаил абы теухуауэ.

Шеварднадзе Куржым и президент къулыкъум текIауэ щытащ а къэралым «гуащэIэпэхэм я революцэ» зыфIаща зэпэщIэтыныгъэм зыщыщыубгъуа зэманым. Пэжщ, политик Iущыр иужькIэ хущIегъуэжауэ щытащ къытракъуэзу ича лъэбакъуэм. 2012 гъэм абы куржы цIыхубзэм захуигъэзауэ щытащ къыхуагъэгъуну, а лъэхъэнэм и къулыкъум зэрытекIам кхъухьлъатэм. Саакашвили Куржыр зыхуиша щытыкIэм щхьэкIэ зигъэкъуэнщэжу.

Шумахер зыкъэщIэж

Автомобиль къызэдэжэхэм дихьэххэм хуабжьу гулъытэ ящыхьуат «Формулэ-1» машинэ лIэужьыгъуэмкlэ дуней псом блэнейрэ чемпион щыхьуа Шумахер Михаэль фэбжьышхуэ телъу сымаджэщым щIэхуауэ зэрыщытар.

Бгым лыжэкIэ къежэх пэтрэ и щхьэм игъуэта фэбжьым ар къелыну зыми и гугъакъым. Укъымыщ1эу ильэс ныкъуэм нэблагъэкIэ сымаджэщым щIэлъащ Михаэль. Абы и зэфIэкIхэм кIэлъыплъхэр зыщыгуфIыкIынщ Шумахер нэхъыфI къызэрыхъуар. ЗэкIэ хэIуцIыу ямыщIыщэми, ар сымаджэ хьэлъэхэм щакIэлъыплъ къудамэм къратъэкIри, узынщагъэр щызэфIагъэувэж Iуэхущ1анIэм ягъэкIуац.

Нарт

♦Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэщ Урысей Федерацэм 2008 гъэм къыщыщIэдзауэ щагъэлъапIэ.

♦Урысей Федерацэм и Дзэ-Хьэуа Къарурэм я зенитнэ ракетэдзэхэм я Iэщ1агъэлIым и махуэщ

♦1796 гъэм США-м япэу паспорт тын щыщIадзащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Дунеяпл1ъэ

Нартсанэ дельфинарийм

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэмрэ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым хэтхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжу Аруан районым щыпсэу цIыкIуэр ягъэгуфIащ. Ахэр Нартсанэ (Кисловодск) щыIэ дельфинарийм яшащ.

ХЫКЪУЭХЭМ (дельфинхэм) къыщынэмыщIауэ, цIыкIуэр еплъащ псым хэс нэгъуэщI псэущхьэхэми: псы джэдум, асльэным, нэгъуэщIхэми. Дуneяплъэр нэхъри гъэщIэгъуэн икIи щIэщIагъуэ къащхьэу нэхъри гъэщIэгъуэн зэрыщыт. Ар ящыщ псэущхьэхэм я псэуцхьэхэм ятеухуауэ къаIуэта хъыбархэм.

ЦIыкIухэм сурэтхэр зытрагъэхащ фIыуэ яльагъу псэущхьэхэм я гъусэу.

ЖЭНОКЪУЭ Хьэту.

● Къэпкъ IущIгъэ:

Жьы ухъуар Iуэхукъым - ар Iэмал зимыIэщ, Iуэхур сабийуэ укъанэмэщ.

● Бадзэуэгъуэм и 8-р
Унагъуэм и урысейпсо махуэщ

ГъащIэм и щIэдзапIэ



Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди къэралым щагъэлъапIэ Унагъуэм и урысейпсо махуэр. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэм 2008 гъэм къыхалъхьауэ щыта а махуэшхуэр цIыкIу куэдым яфIэфIу яIэт, унагъуэм илъын хуей зэкъуэтыныгъэм, зэгурыIуэныгъэм, лъагъуныгъэм я нэщэнэ ипэжыпIэкIэ хъуауэ.

МАХУЭШХУЭР убзыхуныр нэхъ пасэIуэу къыщыхалъхьауэ щытащ Владимир областым хыхьэ Муром къалэм. Аращ здэщыIэр щихъ зэщхьэгъусэхэу Пётррэ Феврониерэ я кхъащхьэхэр. Абыхэм щIэшхуэ хуащIу щытащ жьэгу пащхьэм дэлъ зэхущытыкIэхэм, езыхэм я унагъуэри куэдмкIэ щапхъэт. А щихъхэм я Iа дуней тетыкIэр гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуащ иджырей махуэшхуэм. Абы иIэжщ езым и нэщэнэ - кхабзафэр зи фащэ шынэ-шынэ удз гъэгъа цIыкIур.

ЗАГС-м и ГэнатIэкIэм бадзэуэгъуэм и 8-м щрагъэкIуэкI хабзэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм унагъуэ насыпыфIэхэм, быныфIэхэм тыгъэ хуащI а удз дахэ цIыкIур. Гуапагъэрэ хуабагъэкIэ гъэнщIа а махуэшхуэр ёохьэ пщIэрэ нэмысрэ, зэгурыIуэныгъэрэ гулъытэрэ зэрылъ дэтхэнэ унагъуэми.

Мыпхуэдэ махуэшхуэ екIуэкм хьадэкIуэу ди жылагъуэм нужырей зэманым щагъэлъапIэ хъуащ и купщIэкIэ куэдым тпэжыкъэ нэгъэщI Iуэхугъуэхэри. Псалъэм папщIэ, мазаем и 14-м щIалэгъуалэм яIэт Валентин щихъым и махуэр. Интернетым ит хъыбархэм ятепщIыхьмэ, Валентин щихъыр Рим къэралыгъуэм щыпсэуащ ди эрэм и ещанэ лIэщIыгъуэм. Абы щыгъуэ пащтыхьыгъуэр зыIыгъар Клавдий ЕтIуанэ пщырт. Абы къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, легионерхэм унагъуэ яухуэну хуиттэкъым, сыту жыпIэмэ итIанэ абыхэм зэман куэдыIуэ унагъуэм трагъэкIуадэрти, къэралым къулыкъу нэсу хуащIэфыртэкъым. А къэрал хабзэр къызэпиудауэ щытащ Валентин щихъым. ФIыуэ зэрылъэгъуахэм абы нэчыкъ щэхуу яхуитхырт. Абы щхьэкIи езыр и гъащIэм пагъэкIауэ щытащ.

Ауэ щыхъукIэ, тхыдэдэхэм зэрыжаIэмкIэ, Римым нэчыкъ тхыныр щаублауэ щытар епIанэ лIэщIыгъуэм и кIэуххэщI. Абы и пэкIэ а Iуэхугъуэм жылагъуэм гулъытэ лъэпкъ щигъуэту щытакъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, Валентин щихъыр къэрал унафэм ебакъуэурэ щIыхухэр зэриштащ. Ауэ арат, абыкIэ хуитныгъэ лъэпкъ имыIэу.

Зэрыхъунур зыми ищIэртэкъым, Валентин «щихъ» щIэ лъапIэр етхуанэ лIэщIыгъуэм фIащауэ щымытамэ. 496 гъэм Геласиус рим папэм мазаем и 14-р фIэщхъунытагъэм папщIэ зи псэр зыта Валентин щихъым, ащыгъэуи фIыуэ зэрылъагъу псоми я махуэшхуэу игъэувауэ щытащ.

СызэрепIымкIэ, а махуэшхуэр зыкIи епхакъым фIэщхъунытэмэ, нэмысми, лъагъунытэ къабзэми. Хамэ къэралхэмкIэ кIыкI апхуэдэ махуэшхуэхэр къэтщтэн и пэкIэ, нэсу дегупсысын хуейуэ къыслщохъу абы и купщIэм, щIэдзапIэ хуэхъуам, кIинэмыщIауэ, ди къэралым щекIуэкI лъапхъ хабзэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ ахэр зэрекIуэм. А Iуэхугъуэм сакъыу дыбгъэдэмыхьэмэ, ди лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэжьыным зэран дыхуэхъункIэ щыхуэхъуащ. Хамэ къэралхэм я махуэшхуэхэм, щекIуэкI жылагъуэ Iуэхугъуэхэм набдзэгубдзапIэуэ дахущытын зэрыхуейм и щапхъэщ унагъуэр ухуэным екъэлаIуэ иджыпсту Европэм щызекIуэ хабзэхэр. Къапщтэмэ, абы унагъуэ щаухуэ цIыхухъитIым е цIыхубзитIым, уеблэмэ абыхэм сабий япIыну хуитыныгъи ират. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм ди къэралым лъабжьэ щигъуэнтыныкъым, ахэр ди дежкIи щапхъэкъым.

КъытщIэхъуэ щIэблэр, ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ нэмысмрэ тету тыэса хъун папщIэ, сакъыу тхъумэн хуейщ игъащIэми къыддекIуэкI хабзэ дахэхэр, щэнхабзэр, махуэшхуэхэр, дыззэрыгушхуэ нэгъуэщI лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр. Абыхэм ящыщщ унагъуэр - жылагъуэр зэрызэхэт Iыхьэ щIыкIур. Унагъуэращ цIыху гъащIэм и щIэдзапIэу ялъытэр. Аращ лъагъунытэм, пщIэм, нэмысым, зэгурыIуэныгъэм, зэдэIэпыкъужныныгъэм я лъабжьэ быдэ гъэтIылъа щыхъур. Унагъуэм и зэIуэпэщныгъэрэ къэралым бгъэдэлъ зыужьныгъэр къызэралыытэр.

Ди гуапэ зэрыхъуапсэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ди мащIэкъым пщIэ зыхуэпщI, щапхъэ зытепх хъуну унагъуэфIхэр. Абыхэм ис цIыхухэм я зэфIэкI псори ирахьэлIэ ди республикэм и зыужьныгъэм, екъулIэныгъэм. Унагъуэм и урысейпсо махуэшхуэмкIэ гуапэу сохъуэхъу ар зыхуэгъэза цIыху псоми. Дэтхэнэми фи унагъуэхэм лъагъунытэ, насып, зэгурыIуэныгъэ илъу куэдрэ фыпсэуну ди гуапэщ.

САЕНКЭ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Iым и къудэй («Урысей зэкъуэт» фракцэ).

Унагъуэмрэ сабийхэмрэ трауху э

● Iуэху щхьэпэ

Астрахань къалэм щекIуэкIащ «Унагъуэмрэ сабийм рэ я сэбэп цыхьэ къэсщ социальнэ политикэм хуэхъауэ хэгъуэгугъэм щащIэм зегъэужьын» Iуэхум теухуа урысейпсо семинар. Ар Астрахань областым и Правительствэм къызэригъэпэщащ, Щыгыкl3 гугъуэм къиухута сабийхэм защIэгъэхъэныкIэ фондыр и гъусэу.

ЗэIущIэм щыIащ КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкl3, социальнэ политикэмкl3, узынщагъэр хъумэнымкl3 и комитетым и унафэщI Карныш Сергей. Абы къытхуиIуэтэжащ урысейпсо зэхьыхьэм къыщаIэта Iуэхухэр зыхуэдэр.

- СЕМИНАРЫМ и лэжьыгъэм хэтащ гъэззэщIакIуэ, хабзэубзыху властым и федеральнэ, щыналъэ органхэм я лIыкIуэхэр, социальнэ ГэнатIэм пэрыт IащIагъэлIэхэр, мы Iуэхур зезыхьэ гупхэм ящыщхэр.

ЩIыналъэ 40-м щIигъуи икIахэр зэхуэсащ гъащIэ щыткIэ гугъу къихута сабийхэм зэрадэIэпыкъуну Iэмалхэр яубзыхун папщIэ. Астрахань щызэхуэза псоми мы зэIущIэр къалъытащ я гупсысэхэр щхьэтечу щыжаIэфыну утыкуу.

Сабийхэм егъэщIылIа Iуэхухэр лIэужьыгъуэ-лIэужьыгъуэу зэщхьэщыгъэкIат: унагъуэщIэм хэшэным сабийр зэрыхуэбгъэхьызэрыпну щIыкIэр, щытыкIэр щызэIыхьа унагъуэхэр пасэу къэхутэныр, сабий ныкъуэдыкъуэхэр щапI унагъуэхэм псэунытгъэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэныр, анэхэм сабийр щыхьифIадзэ къэмыгъэхъуныр, унагъуэ кIуэцIым щызекIуэ зэхущытыкIэхэр тэмэмыныкIэ ядэIэпыкъуныр.

Къэпсэльхэм нэхъыбэу къаIэтащ зэиныщхэм ехьэлIа къаланхэр зэфIэгъэкIыныкъ, гъащIэ щытыкIэ гугъум къихута сабийхэм ядэIэпыкъуныр, унагъуэхэм ядэлэжьын и лъэныкъуэкIэ къэралымрэ коммерцэу щымыт IухэущIапIэхэмрэ зэкъуэувэныр.

ЗэIущIэм хэтахэр езыхэм я лэжьыгъэм тепсэльыыха къудейкъым - абыхэм къыхалъхьащ ар егъэфIэкIуэным щIэгъэкъуэн хуэхъуну къалъытэ IэхъугъуэщIэхэри. КъыхагъэбелджьылыкIащ мы Iэнатlэм социальнэ Iэхъутыкъэзэкмрэ къэралым властым и органхэмрэ нэхъ зэрыIыгъыу щызэдэлэжьэн зэрыхуейр.

- Уэ къыхэплъхьа Iуэхуэхэм я гугъу къытхуащIыт.

- Унагъуэмрэ сабийхэмрэ къащхьэщыжьын и лъэныкъуэкIэ щыIэ иджырей зекIонодетльствэм и щытыкIэм щыгъуазэ зыхуэзыщIри, ар егъэфIэкIуэным щIэгъэкъуэн хуэхъуну къалъытэ IэхъугъуэщIэхэри. КъыхагъэбелджьылыкIащ мы Iэнатlэм социальнэ Iэхъутыкъэзэкмрэ къэралым властым и органхэмрэ нэхъ зэрыIыгъыу щызэдэлэжьэн зэрыхуейр.

- Уэ къыхэплъхьа Iуэхуэхэм я гугъу къытхуащIыт.

- Унагъуэмрэ сабийхэмрэ къащхьэщыжьын и лъэныкъуэкIэ щыIэ иджырей секонодетльствэм и щытыкIэм щыгъуазэ зыхуэзыщIри, унагъуэхэм я щытыкIэ гугъум къихута унагъуэхэмрэ псэунытгъэ и лъэныкъуэкIэ щытыкIэ гугъум къихута унагъуэхэмрэ псэунытгъэ и лъэныкъуэкIэ щытыкIэ шынагъуэ къихутахэмрэщ. Абы къыдэкIуэу унагъуэ законодетльствэм щыубзыхун хуейщ адэ-анэхэр сабийхэр яПIыным хьэлэлу бгъэдыхьэрэ бгъэдэмыхьэрэ зэхэзыгъэкI хабзэр. Адэ-анэхэм сабийкъм яхуэгъэзауэ ялэжьхэри абыхэм ятеухуауэ ящI унафэхэри тэмэму къалъытэ, ахэр къуэншауэ белджылыс хъурхукIэ икIи ар судым и унафэкIэ щIигъэбыдэхукIэ. Апхуэдэу сабийхэр къэзылъхуа адэ-анэхэм езыхэм я бынхэр ягъэсэныкIэ яIэ хуитыныгъэхэр щIэгъэбыдэн хуейщ абыхэм ябгъэдэлъ мылъкур зыхуэдизым, яIыгъ дунэе зыхуэдэм емылъытауэ. Къэзылъхуа адэ-анэхэр защIэгъэхъэныкIэ фондыр и гъусэу зэрыхуейр, апхуэдэу абыхэм хуагъэувхэр.

Сэ хэхъуну си фIэщ зэрыхъущи, фадэмрэ афиныкмрэ ятхьэкъуаэхэр судым и унафэкIэ залымыгъэкIэ зрагъэIэзэным ирахулIэн хуейщ, а щхьэусыгъуэм къыжэкIыу я хуитныныгъэхэм адэ-анэхэр пагъэкIауэ щытмэ.

Абы къыдэкIуэу къыхэслъхьащ «Я узынщагъэмрэ псыхыныгъэмрэ зэран хуэхъуэхьыбархэм сабийхэр щыхъумэным и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым къигъэувхэр ягъэткIиину, сабийхэм яхуэгъэза хъыбархэм я экспертизэ ирагъэкIуэкIыным теухуа Iыхьэ абых хагъэхьэну, апхуэдэ хъыбархэр ипэжыпIэкIэ зищIысхэр зэраубзыху Iэмалхэр къагъуэтыну, сабийхэр щIопхъаджагъэхэм е мыхъумыщIагъэхэм къыхуараджэу Интернетым илъхэм тKIийуэ кIэлъыплъыну, апхуэдэу компьютер джэгукIэхэр, нэгъуэщIхэр хэту сабийхэм хуагъэлъагъуэ зэрыджэгу хьэпшыпхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ физиологие, психологие, нэмыс я лъэныкъуэкIэ шынагъэншэу щытыныр хабзэкIэ щIагъэбыдэну.

КьыхэзгъэбелджьылыкIыну сыхуейт семинарым хэтахэм федеральнэ законодательствэр зэхъуэкIыным теухуауэ къыхалъхьа псори УФ-м и зыхуэфащэ министерствэхэм зэрыхуагъэхьынр.

Сэ къызолъытэ екIуэкIа Iуэхум унагъуэмрэ сабийхэмрэ къащхьэщыжьынымкIэ щыIэ щIыналъэ пщалъэ нэхъыбIхэр, а лэжьыгъэр Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм къызэрыщIэзгъэпэщар наIуэ къишIауэ. НаIуэу зэрыщытщи, ар ящыщщ Урысей Федерацэм и Президентым «Сабий зеиншэхэрэ адэ-анэхэм ямыпIыжу къэна сабийхэмрэ къащхьэщыжьыным и Iэнатlэм щрагъэкIуэкI къэрал политикэр пхыгъэкIыным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхукlэ» 2012 гъэм дыгъэгъаэзэм и 28-м къыдигъэкIа Указ №1688-мрэ, «Сабийхэм я сэбэп хэлъу ялэжьыныхэм я лъэпкъ стратегиеу 2012 - 2017 гъэхэм ятещIыхьам и Iуэхукlэ» 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къыдигъэкIа Указ №761-мрэ щыгъуэуа къаланхэм нэхъыщхьэхэм.

Урысейпсо семинарым хэтахэм къыхэгъэщхьэхукIащ зэIущIэм сэбэпышхуэ зэрыпылъар. Унагъуэхэмрэ сабийхэмрэ ядэлажьэ IэщIагъэлIэхэм щIэ куэд къащIащ. Ахэр щыгъуазэ хъуащ мыхьэнэшхуэ зиIэ къаланхэр зэрызэфIагъэкIыну Iэмалхэм. А псори щIэгъэкъуэн хуэхъунущ зи гугъу тщIы IэнатlэрefIэкIуэным.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Фэепль

Нало Заур (1928 - 2012 гъгъ.)

Зэи тщыгъупщэркъым

КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, щIэныгъэлI цIарыIуэ, кавказ филологиемрэ этнокультурологиемрэ куэд хэзылэжьыхьа ЕвщIагъэлIхэм ящыщ зы Нало Заур Мыхьэмэт и къуэр псэужамэ, дыгъуасэ илъэс 86-рэ ирикъунут.

Лъэпкым и набдзэ, дыззэрыгушхуэ усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэр дунейм зэрехьыжрэ бадзэуэгъуэм и 5-м илъэситI ирикъуащ. Адыгэм игъащIэ лъандэрэ жьIэгъуэу къыдокIуэкI: «ГуфIэгъуэри гузэвегъуэри зэпыщIащ» псалъэхэр. Нало Заур кхыщалъхъуа, дунейм щехыжа махуэхэр зэрызэпагъэтыгъуэгъуэ, мы махуэхэхэм дэри догуфIэ икIи дощыгъуэ.

Нало Заур и лэжьыгъэхэр нобэ лъэпкым и цIыхухэм зэIэпытхьи и мызакъуэу, адыгэ IуэрыIуатэм, литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр зыщыдгъэгъупщэркъым.

ТЕКIУЖЬ Зарет э.

● Егъэджэныгъэ

Сыт хуэдэ школ фащэр?

УФ-м и Президент Путин Владимир ди къэралым и щIыналъэхэм хуитныгъэ яритащ еджакIуэхэм фащэ хэха зэрахьэным теухуауэ икIи дыщIигъужащ школ къэсыху езыхэр зэрыхуейм хуэдэу ар къыхахьжыну хуитныгъэ зэраIэр. Мыбдежьым къадъытащ школакIуэхэм я Советым, адэ-анэхэм, школ унафэщIхэм зэгурыIуэныгъэр Iуэхум хэлъын зэрыхуейр.

IУЭХУМ теухуауэ ягъэхьэзыра дэфтэрым къызэрыщIагъэлъэгъуамкIэ, Урысейм и щIыналъэ къэс езым я фащэ зэрахьэжьну хуитащ. АбыкIэ унафэр щIыналъэ Iэтащхьэхэм къабгъэдэкIыу щытын хуейщ. Iуэхум и зэфIэхыныр щIыпIэ унафэщIхэм я пщэ дэлъхьэнри къемызэгъыну къилъытэркъым. Нэхъыщхьэр, псалъэмакъ къыхэмыкIыжу, лъэныкъуэ псори зэгурыIуэныщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщ 2013 гъэм Урысейм и Президентым Правительствэм щцэрыльэ щищIауэ зэрыщытар, ди къэралым и курыт еджапIэхэм щхьэхуэ къэщтэн зэрыхуейм кIи. Абы къежьапIэ хуэхъуащ Ставрополь крайм и еджакIуэ зыхьджэбз цIыкIуэхэм ящыщхэм Iэлъэщ ятелъу щыхолым зэрыкIуэм иращIэкIауэ щыта къаугъэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Къуажэ

ПсыкIэхум и пщэдейр

Бахъсэн районым хьхьэ ПсыкIэху жылагъуэр Совет лъэхъэнэм нэхъыбэу зэлэжьу щытар жыг гъэкIныщр. Ди республикэм и мызакъуэу, нэгъэщI щыналъэхэми нэсырт мы щIыпIэм къыщыпачыж мыIэрысэ лIэужьыныгъэ хэплъы-хьаxэр. Рынок зэхущытыкIэр тепщэ щыхъуа мы зэманым къуажэ лэжьыгъэм игъэта зэхъуэкIыныгъэхэм кIэщIу къытхутепсэлъыхьащ илъэс 20-м щIигъуауэ жылагъуэм и унафэщI къалэныр зыгъэзащIэ Мамхэгъ Хьэчим:

- НОБЭ мы щIыпIэм цIыку 1 минрэ 200-рэ щопсэу. ПажьэапIэнщэ зэхуэдэ абыхэм яхэткъым. Сыту жыпIэмэ лъэхъэнэ блэкIахэми и щхьэ игъэпсэужу къекIуэкIа къуажэм и цIыхури лэжьыгъэм есауэ, щIакъэу Iыхьэр къызэралъжьыжьыным иужь иту апхуэдэщ. Къапщтэмэ, къуажэдэсхэм яхэткъым зи Iэм зыгуэр къимыгъэхьэрычэт: хэт ухуакIуэщ, хэти жыгхэр фIыуэ еухъэнщI...

ПсыкIэхум нобэ щопсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу 13-м къахэкIаxэр. УнафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, ахэр зэгурыIуэрэ зэдэIэужу куэд лъандэрэ къызэдогуэгурыкIуэ. Апхуэдэ зэхущытыкIэм къежьапIэ хуэхъуар гъэсэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэр къыщрахьэлIэ школыпэ сабий гъэсапIэмрэщ; зэрыщыкIуэр зэгъуэ щIэблэр зэсэ, зэгурыIуэ. Мы Iуэхум толажьэ къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ унэри. Абы щыIэщ къэфэныкIэ, уэрэд жыIэныкIэ гупжьейхэр.

Мамхэгъым зэрыжиIэмкIэ, нобэ жылэм дэсхэм жыг гъэкIыныр IэщIыб ящIакъым. Ауэ а Iуэхум иджы нэхъыбэу пэрытыр бдзжандырылажьэхэрщ.

ЦIыхум зэрахуэзфIэкIкIэ зэманым зыкагъэзагъэ жыпIэ щхьэкIэ, зэхуэмыхъуныгъэ гуэрхэри зимыIэ щIэнхэкъым. ПсыкIэхур нэхъ зытегуэзвыхьыр къабзагъэм и Iуэху щытыкIэрщ. Хабзэм къемызэгъ кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэхэм зэпымыууэ я нэ тетын хуей мэхъу икIи абы пыщIа псори езыхэм я закъуэ ягъэкъару, къабзагъэм хуэхэа техникэ щхьэхуэ зэрамыIэм къыхэкIыу. Нэхъ щытыкIэфIым иткьым ренот лэжьыгъэшхуэ хуэныкъуэ къуажэ клубри. АбыкIэ къадэIэпыкъуну КъБР-м Щэнхабзэмкl3 и министерствэм лъэIукI3 зыхуагъэзащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Зыгъэпсэхугъуэ

Гъэмахуэ тыгъэ

Кэнжэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №20-м щыIэ гъэмахуэ лагерым зыщызыгъэпсэху цIыкIуэхэр ирагъэблагъащ Налшык дэт «Дея» тыкуэныщхуэм хэт нэгузегъэужьпIэм. Сабийхэм апхуэдэ гулъытэ къахуищIащ зэгуэр мы школым щеджа, иджыпсту а IэнатIэм и администрацэм и Iэтащхьэ Шыбзыхъуэ Мухьэмэд.

САТУ щIыпIэм и лэжьакIуэ Шыбзыхъуэ Дианэ щыгъуаэрэ дызэрищIамкIэ, цIыкIуэхэр ятепщIыкIэ мультфильм гъащIэгъэгъуэнхэм ирагъэпIащ, сабий джэгупIэм я нэгу зыщрагъэужьащ. ИужькIэ абыхэм къыхуагъэуващ IэфIыкIэрэ шейрэ зытет Iэнэ. «Сабийхэр центрым зэрыщIа зэманыр гухэхъуэу ягъэкIуащ, я нэгуи икъуакIэ зиужьащ»,- жаIащ лагерым и унафэщIхэм.

Дианэ къызэрыхигъэщамкIэ, «Дея»-м и мыпхуэдэ Iуэху щхьэпэхэр щыпсэщIэкъым. Къапщтэмэ, нэхъапэми мыбыхэм къахуебгъэгъащ Нартан къуажэм, Прохладнэ къалэм дэт сабий унэхэм щапI цIыкIуэхэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● ЗэIущIагъэлIым и чэнджэщ

ХъупIэхэр егъэфIэкIуэным толажьыхь

Къэбэрдей-Балъкъэрым хъупIэхэм гектар мин 311.1-рэ, мэкъупIэхэм гектар мин 59,7-рэ щаубыд. Абыхэм я процент 60-65-р бгылъэ щыпIэхэм хуоэз. Тэмэму зэрызэрамыхьэм, зэгъэзэхуауэ къызэрагъэмыгъэсэбэпым къыхэкIыу, иужьрей илъэс 20-м къриубыдэу мэкъупIэхэмрэ хъупIэхэмрэ я щытыкIэр хуабжьу екIэкIуащ, кIэрыутIыпщ хъущ.

ЕЗЫР-ЕЗЫРУ удзыр къыщыщэщIэувэ щIыпIэхэм илъэс къэс мэкъуу тонн мин 14 - 15 щагъэхьэщр. Аурсэнтх, Хьэмащ, Шэрэдж (Хъазнидон) гъэмахуэ хъупIэ нэхъыщхьэхэм Iэщыщхуэу мин 30-м щIигъу (абы щыщу мин 22,8-р IэщIэвыщIэщ), мэлрэ бжэну мин 108-рэ, шыуэ мини 6 гъэкIэ щаIыгъ. Республикэм гъэшу къыщащыи и процент 25 - 30-р, былымылу къыщалэжьыи и процент 40 - 45-р, мэлымыи и процент 80-р абыхэм къызэрагъэпэщ.

Зэрыщыту къэпщтэмэ, щыналъэм и мэкъумэшхэм щIапIэхэм я экологие щытыкIэр щIагъуэкIыми, я фIагъыр щIэкIынкIэ, кIуэдынкIэ шынагъуэ щыIэщ. ЗэрынаIуэщи, псом хэмыдыдэу, ар хуабжьу зыхуэпхэр зи щхьэфэр псым илъэса, жьыбгъэм игъэжэпхъа, къэрэкъурэм зэщIищта, зэранагъэ зыпылъ, щхьэхъ зыхэлъ къэкIыгъэхэр щыкуэд, екгтарым ику ито мэкъу центнери 10 - 12 фIэкIа къызытемыкI хъупIэхэмрэ мэкъупIэхэмрэ щынэхъыбэ бгылъэ щыпIэхэрщ. Ахэр ирагъэфIэкIэн папщIэ, нобэ лэжьыгъэ пыуыкIыхэр ирагъэкIуэкIыпхъэщ. Къапщтэмэ, чыцэхэр, къандзэгухэр, пхъэнкIийм рэ мывэхэмрэ къыхагъэхъэбзыкIын, щхъуэхъ зыхэлъ къэкIыгъэхэр ягъэкIуэдын, минерал щIыгъэпшэрхэмкIэ егугъун, езыр-езыру къэкI удзхэм жылапхъэфIхэр кIэщIасэн хуейщ. Мывэхэр къыхахмэ, мэкъупIэхэмрэ хъупIэхэмрэ къажэхъуэнущ, фейдэ нэхъыбэ къапэкIуэнущ.

Къандзэгупъэр гъэкъэбзэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ахэр щхьэхуэу щыпаупщIыр хъупIэхэмрэ мэкъупIэхэмрэ я процент 20 - 25-р зэщIащтэмэщ.

Чыцэмрэ мэзыпIэ цIырхьымрэ IэмэпсымэкIи, химие IэмалхэмкIи елэжьыпхъэщ. Зэрагъэунэхуам тету, зэщIэщтхьауэ щIыр къыщымыбатэ зэманым чыцэхэр паупщIмэ нэхъыфIщ. ЩагъэкIабзэкIэ я лъабжьэхэр къызэрыхах К-2А, зэрыпагъэщ ДП-2.4, зэрызэщIакъуэ машинэхэр къагъэсэбэп.

Чыцалъэхэр химие Iэмалкlэ ягъэкъабзэмэ, щы щхьэфэр зэмыкIуэкIыу къызэтонэ. Мыбдежьым нэхъыбэу къагъэсэбэп илъэс куэдкIэ къэкI удзыкъэхэм зэребэн кислотам и глифосат гербицидымрэ абы и раундап IэужьыгъуэкIэмрэ.

МэкъупIэхэм щыкуэд щхъуэхъуэлъэ блэудз, пэлъауэ (лютик), батыргъэн (борщевик) къэкIыгъэхэм, щэгъэфIэлу зэмылIэужьыгъуэхэм Дикамба, ВР (псы литрым грамм 480-рэ хуэзэу), Банвел гербицидхэр траутхэмэ нэхъыфIщ. Къыщыгъагъэ, зыщIажь ГъатхэI зэманым гектарым литр 1,6-2 е бжьыхьэ лъэхъэнэм гектарым литри 2,6 - 3,1-рэ хуэзэу ВР щхъуэхьымкIэ удзыжьхэр ягъэкIуэд хъунущ. А химие Iэмалыр Iэмэпсымэкlэ зэфIагъэкI лэжьыгъэм текIуадэм нэхърэ хуэди 2-3-кIэ нэхъ пудщ.

Къыззэрахутащи, бгылъэ хъупIэхэмрэ мэкъупIэхэмрэ я щIыгулъхэр фосфорым хущощIэ, азот хурикъуркъым. Абы къыхэкIыу, а шхынныгъэхэр зэбэкI щыгъэпшэрхэмкIэ егугъупхъэщ.

Зэхэззгъэуэ зэуIуу къызэщIэрыуэ губгъэу удзхэр уэрэ къыщыкI мэкъупIэхэмрэ хъупIэхэмрэ папщIэ, щыгъэпшэр лIэужьыкIыныгъэ щыIэщ. Ахэр зэсэжауэ къагъэзэсэбэпхэм нэхъри нэхъ пудщ, зэпэуфыдакъым, я фIагъкIи адрейхэм къакIэрыхуркъым. Азотрэ фосфоррэ зыхэлъ аланит, агровиткор щыгъэпшэрхэм хуэдэхэр халъхьэмэ, гектарым мэкъуу центнер 55,1-кIэ нэхъыбэ къытекIынущ. Ар ямыгъэпшэр щIыпIэхэм зэрыщыхъум елъытауэ хуэди 2,5 - 3-кIэ нэхъыбэщ.

Мы зэманым ди къалэныр хъупIэхэр егъэфIэкIуэнырщ, абыхэм къат фейдэм зэгъэхъэныырщ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, щIыуэпс гъэтIылъыгъэ гъэщ ДП-2.4, зэрызэщIакъуэ машинэхэр къагъэсэбэп.

ЗЭЗЭМЭТ Мухьэрбэч,
Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкI3 и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым Iэщ гъэхъунымрэ IусыпхъэхэмкI3 и лабораторэм и унафэщI, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат.

КIыщокъуэ Мадинэ и Iэпэ щабэхэр

Зыпэрыт Iэнатlэр гурэ псэкIэ къыхэзыха цIыхухэр лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьэфынур. Апхуэдэ цIыхухэм я къалэныр жэуаллныгъэщхуэ яхэлъу ягъэзащIэ икIи я Iэнатlэр сытым дежи зэрефIэкIуэным зэщIэчъуэ апхуэдэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэщ Аруан район сымаджэщым медсестрауэ щылажьэ КIыщокъуэ Мадинэ Леонид и пхъур. А бзылъхугъэм и Iуэху бгъэдыхьэкIэр дэ мызэ-мытIэу дгъэунэхуащ, и дуней тетыкIэри, и хьэл-щэнри зыхуэдэр фIыуэ къэтщIыхуну дыхунэсащ.

МЕДИЦИНЭМ и лэжьакIуэхэр адрей псомэ хуэдэкъым, абыхэм дэ дзыхь яхудощI нэхъ лъапIэ дыдэу диIэ ди узыншагъэр, жыпIэнрамэ ди гъащIэр. Узым къыхигъэзыхьа цIыхум, Тхьэм нэмыщIкIэ, и гугъапIэ псори зрипхыр хъэлат хужь зыщыгъхэращ. Ди закъуэкъым абы гу лыэзыпIар, псоми жаIэ абыхэм я псалъэ къудейр сымаджэм и дежкIэ хущхъуэфIу. Абыхэм я нэгур зэлъыIухарэ гуапэу къыщопсалъэкIэ, сымаджэм гугъэр зыхъохьажь. Ди гуапэ зэрыхьунщи, ди медицинэм и лэжьакIуэхэм апхуэдэхэр мымащIэу яхэтщ.

Иджыблагъэ дэ дыщIэлъащ Аруан район сымаджэщым. КъыдахьэлIэ хущхъуэхэм къадэкIуэу, ди Iэпэхьлъэпкъыр едгъэщытIэн хуейт, дохутырым и чэнджэщкIэ. Ар зи къалэн Iэкlуэльакlуэ Мадинэ и зэфIэкIыр дымыгъэщIэгъэн тлъэкIыркъым. АпхуэдизкIэ Iэкlуэльакlуэу абы и лэжьыгъэр егъэзащIэри, «псэщIэ» къыпхилъхьэжьым хуэдэщ. Мадинэ и дежь дыщыIа иужь, ди Iэпкълъэпкъыр куэдкIэ нэхъ жан мэхъуж, нэхъ псынщIэуи зэщIокI. А бзылъхугъэ цIыкIум и Iэпэ щабэхэм къапхрыкI къарур дэ хущхъуэ лъэщ тхуэхъуащ.

ЩIыпIэнгъэ хэлъу, гуапэу яхущытщ ар дэтхэнэ зыми. ЦIыху псори я къэлкIэ зэхуэдэкъым, псом хуэмыдэу узым къыхигъэзыхьыр адрейхэм хуэдэжкъым - нэхъ тэмакъкIэщIщ, къэгубжьыгъуафIэ мэхъу, ауэ Мадинэ и Iэпэхэр зэIусам гулъыдэж иретыжьиф. ЦIыху щабэщ, гумащIэщ КIыщокъуэр, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхигъэзытыфр, арэзы ищIыфу и Iэнатlэм парытщ.

Мадинэ илъэс 18 хьауэ медицинэм хэтщи, сытым дежи зэщIокъуэ игъэзащIэ Iуэхур нэгъэсауэ зэрызэфIихыным. Езым и дежкIэ къэкIуа сымаджэм и нэгум нэщхъыфIагъэ илъу щIэкIыжмэщ, и лэжьыгъэр къехъулIауэ къыщIалъытэр.

КIыщокъуэм цIыхугъэшхуэ хэлъщ, дэтхэнэ зыми гуКIи псэкIи хэзгуманщIэу, и узыншагъэр зэрефIэкIуэжым щыгуфIыкIыу щытщ. «Iэщ Iагъэм къыхигъэщащ» зыхужжаIэр абыхэудэхэращи, зыпэрыт Iэнатlэм и хъер илъагъуу Тхьэм адэкIи иригъэфIакIыну.

БИЦУ Сэ1имэт,
АРГЪЭЩОКЪУЭ Ринэ.

● Хъыбар гуапэ

Илъэс 73-кIэ зыпэплъа тхылъ

«АДЫГЕЙ судым сыщыщылэжьа илъэсхэм сэ гъунэгъуу зэзгъэцIыхуат адыгэхэр икIи мурад сщIащ а лъэпкъым и тхыдэм, и псэукIам нэхъыфIу щыгъуазэ зыхуэсщIыну.

... Харьков къыщыдэкI «Східний світ» (№№ 3 - 4) журналым зэздзэкIри 1928 гъэм къытрезгъэдзэгъащ адыгэ уэрэд зыбжанэ, апхуэдэу адыгэхэр Тыркум зэрыIэпхъуэгъам теухуа зы тхыгъэ. 1932 гъэм Киев къыщыдэкIащ «Адыгэ уэрэдыжьхэр, хъыбархэмрэ мифхэмрэ (украиныбзэкIэ зэдзэкIауэ)» си тхылъыр. Абы ирихьэлIэу апхуэдизкIэ си гум фIыуэ илъэгъуат адыгэхэри, мурад сщIащ абыхэм ятеухуауэ поэми стхыну.

Илъэс куэдкIэ гугъу сызыдехьа Iуэхур пщIэншэ хъуакъым». (Кирий О. тхакIуэ Лебединский Ю. хуитха письмом щыщ, 1948 гъэ).

Мы псалъэхэр зей, адыгэхэр егъэлеяуэ фIыуэ зылъэгъуа щIалэр илъэс куэдкIэ зэгугъуа Iуэхур мы гъэрщ гъэзэщIа щыхъуар. Краснодар дэт «Экоинвест» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ а тхылъ щхьэпэр. Украин-урыс усакIуэ цIэрыIуэ, щIэныгъэлI Кирий Алексей (Олексэ) «Адыгэ цIыхубэ уэрэдхэмрэ хъыбархэмрэ» (урысыбзэкIэ) зыфIища тхылъым и Iэрытхыр Краснодар дэт тхылъ тедзапIэм 1941 гъэм щIилъхьэгъащ. Iэрытхым еджэри тхылъ тедзапIэм и тхьэмадэ Иншаков П. К. унафэ ищIащ, нэхъ пасэу къыдэкIынухэм ар хагъэхьэну. Ауэ зэманыр мэкъуауэгъуэ мазэт... Илъэс 73-рэ дэкIауэщ тхылъыр дунейм къыщытехьар. Ар къызэрыдэкIар и фIыщIэщ адэшхуэм и щIэин лъапIэр зи жэрдэмрэ зи мылъкукIэ традза Кирий Консуэллэ Алексей и пхъум.

Мы тхылъым ди газетеджэхэмрэ лъэпкъ IуэрыIуатэм елэжьхэмрэ гу лъедгъэтэну дыщIыхуейм щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Япэр, адыгэ узэщIакIуэхэм пычыгъуэ-пычыгъуэурэ Тифлис, Ставрополь, Бытырбыху къыщытрагъэдза мащIэхэр хыумыбжэмэ, Кирий Олексэщ ди лъэпкъ IуэрыIуатэр, нэхъыщхьэу тхыдэ уэрэдыжьхэр зэридзэкIыу къыдэзыгъэкIар. ЕтIуанэу, а щIэныгъэлIырщ урыс тхылъеджэхэм къадэкIуэу украинхэри лъэпкъ зэхэщIыкIым къигъэщIа а фIыгъуэ иным япэу щыгъуазэ хуэзыщIар. Ещанэу, а щIэныгъэлIырщ XIX лIэщIыгъуэм адыгэхэм къатепсыха гуауэшхуэм и гугъу и щхьэр течауэ япэу утыку къизылъхьар, а Iуэхур усакIуэм хуамыгъэдэха пэтми. Нэхъыщхьэ дыдэращи, езыми ар зэи ибзыщIакъым, адыгэхэм къахуиIа лъагъуныгъэ инырщ а лэжьыгъэхэр къызыпкърыкIар. ГурыщIэ къабзэм, фэрыщIагъ лъэпкъ зыхэмылъым, къигъэщIар Iей хъу хабзэкъым. Лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ имыIамэ, абы и пэжагъым шэч гуэр къытрихьэу щытамэ, урысей щIэныгъэлI цIэрыIуэ Чумаченкэ Виктор Кирилл и къуэм Кирий Олексэ и лэжьыгъэм купщIэшхуэ зиIэ рецензэ хуитхынутэкъым. А псоми ящIыгъужын хуейщ тхылъым и къыдэгъэкIыныр Кавказ зауэжьыр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум зэрырагъэхьэлIари. Мыбдежым апхуэдэу щыжытIэн хуейщ гурэ псэкIэ адыгэ лъэпкъыр фIыуэ къэзылъэгъуа, абы къыхуэлэжьа цIыхушхуэ куэд къызыхэкIа Украинэм нобэ щекIуэкI Iуэху мыщхьэпэхэм дэри дызэрагъэгузавэри а лъахэм мамыр гъащIэр сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу щызэтеувэжыну дызэрыщIэхъуэпсыри.

Лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ джыжыным елэжь IэщIагъэлIхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ, егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ иджы дыдэ дунейм къытехьа мы лэжьыгъэ щхьэпэм гу лъедгъэтэн, урыс еджагъэшхуэхэм абы къыхуащIа пщIэр зыхедгъэщIэн мурадкIэ профессор Чумаченкэ Виктор Кирилл и къуэм тхылъым хуитха пэублэ псалъэр адыгэбзэкIэ зэддзэкIауэ газетым тыдодзэ. Езы щIэныгъэлIми нэхъ къищтащ, Кирий Олексэ и псэм пищIу фIыуэ илъэгъуа адыгэ лъэпкъым и бзэмкIэ и тхыгъэр къытрадзэмэ.

ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.


Кирий Олексэ

КъуэкIыпIэ дунейр къэхутэным и щIэдзапIэм щыта щIэныгъэлIхэр

УРЫС литературэм тхыгъэ куэд къытхуигъэнауэ пхужыIэнукъым кавказ лъэпкъхэм, езыхэм къызэралъытэмкIэ, я щхьэхуитыныгъэм папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэм теухуауэ. Зи гугъу сщIыр бгырысхэм я Iуэху еплъыкIэракъым, атIэ езыхэм я нэкIэ ар зэралъагъурщ, я фIэщхъуныгъэм, я псэм, я хабзэ-зэхэтыкIэм зэрыхущытырщ. Ар къыбгурыIуэн щхьэкIэ, фIыуэ зыщыбгъэгъуэзэн хуейщ а лъэпкъхэм я цIыху щIыкIэм, я псэкупсэ дунейм, ахэр зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм, ублэмэ я бийхэмрэ я дарэгъу-жэрэгъухэмрэ хуаIэ щытыкIэ хэхам. КъызэрымыкIуэу зэхэщIыкIышхуэ зиIа Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Толстой Лев сымэ яхузэфIэкIащ творчествэм епха а къалэн гугъур екIурэ-ещхьу зэфIахын. Аращ а цIыхушхуэхэр бгырысхэм я лъэпкъ тхакIуэхэу, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр я щэнхабзэм и фIыпIэу щIалъытэри.

Апхуэдэу щытми, зи гугъу тщIа классикхэм я тхыгъэхэм къадэкIуэу, щыIэщ нэгъуэщI лэжьыгъэхэри, бгырысым и образыр хуабжьу пэжым пэIэщIэу къыщыгъэлъэгъуауэ, псалъэм папщIэ, къамэ зыкIэрыщIа, пыIэ бацэ зыщхьэрыгъ цIыху къанлы шынагъуэ гуэру. Ауэ апхуэдэ «турист литературэр» тхылъ телъхьэпIэхэм иджыри къытенауэ щытмэ, ар зи фIыгъэр, псоми зэрытщIэщи, тхыгъэм и сюжетырщ - тхылъеджэр драгъэхьэхын щхьэкIэ, экзотикэу куэдым ялъытэ «КъуэкIыпIэ лъахэхэр» Iуэхум къыхагъэхьэурэ зэрыгъэпсарщ.

Мыбдежым занщIэу къыщыхэгъэщын хуейщ япэми зэрыщыIар, ноби зэрыщыIэр пэжым, захуагъэм я лъыхъуакIуэ нэсхэр - кавказовед-еджагъэшхуэхэр - Кавказыр джыным, абы и щэхухэр къэхутэным ерыщу елэжьхэр. А Iуэхур зэи тыншу екIуэкIакъым, ауэ, я мурадыр зрагъэхъулIэн щхьэкIэ, дяпэ ита ди нэхъыжьхэм яфIэфIу къащтэрт бгырысхэм я псэукIэр, я хабзэр, я дуней лъагъукIэр, благъагъэкIи ахэр щызэрыубыд куэдрэ къэхъурт. Апхуэдэ еджагъэшхуэхэм къахэбгъэщхьэхукIыж мэхъу гуп щхьэхуэ, КъуэкIыпIэм и картэ зэщIэпщIыпщIэм дэтхэнэ лъэпкъ «цIыкIуми» и плъыфэр тыншу къыхигъэщыфу, абы зэрихьэ хабзэмрэ динымрэ, и гъащIэмрэ и хъуэпсапIэмрэ адрейхэм зэрапищIэ къуэпсхэр къыхигъэнэIуэфу. Апхуэдэ еджагъэшхуэхэм зэреджэр востоковедщ - КъуэкIыпIэ лъахэхэмрэ лъэпкъхэмрэ къэхутэным, джыным зи гъащIэр тезылъхьахэрщ.

Иужьрей илъэсипщIхэм кавказ къэралыгъуэхэм я гугъу дэ зэрытщIар а кавказоведениекIэ дызэджэм и зы Iыхьэ гуэрущ. Дауи, ар захуагъэкъым, псом хуэмыдэу адыгэхэм ехьэлIауэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм я гъащIэр - зи хэкур зрагъэбгына лъэпкъым и гъащIэр - къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ Кавказ Ищхъэрэр мыхъуу, зэрыщыту муслъымэн дунейм.

Мы къэдгъэсэбэпа къэхутэныгъэ Iэмалхэм еджагъэшхуэхэр иджыри куэдрэ ирихьэлIэнущ, ауэ, къадэкIуэр зэхэщIыкIыныщ, нэхъыфIыр, нэхъ тэмэмыр къахухэмыхыу. Ауэ мы лэжьыгъэр дэ нэхъ зытедгъэщIар щIыналъэ пыухыкIам ехьэлIа Iуэхугъуэщ - адыгэ IуэрыIуатэр япэ дыдэу украиныбзэрэ урысыбзэкIэ зэзыдзэкIа Кирий Олексэ щIэджыкIакIуэхэм егъэцIыхуныршщ. ИпэжыпIэкIэ аращ Кубаным и япэ востоковеду къэлъытапхъэри. Апхуэдэущ абы и цIэр а щIэныгъэ хэIэтыкIам елэжь украин еджагъэшхуэхэм я сатырми зэрыхэтыр.

Кирий Алексей (Олексэ) Андрей и къуэр 1889 гъэм мазаем и 11 (23)-м Чернигов губернэм хыхьэ Борзенскэ уездым щыщ Крупичполе украин къуажэ цIыкIум къыщалъхуащ. Унагъуэр хуэмыщIауэ псэурт, Олексэ шыпхъуиплI иIэт. КъыхэжэпхъыкIыр лIыщIэу Iуувэу апхуэдэут унагъуэр къызэрыгъуэгурыкIуэр. Илъэсищ еджапIэр къиухри щIалэ цIыкIур къуажэ Iэхъуэу уващ, иужькIэ Нежин IэпхъуэIэпхъуэри Iэпыдзлъэпыдзу тыкуэным щIэуващ. КъыкIэлъыкIуэу Харитоненкэ бейжьым и фошыгъу заводым сыхьэт 12-м нэскIэ лажьэу Iутащ зи къару зэрымыубыда ныбжьыщIэр. ИкIэм-икIэжым 1906 гъэм ар Кубаным къыщыхутащ икIи Екатеринодар (Краснодар) окружной судым писару лэжьэн щригъэжьащ. Абы щыIэу щIалэм и унагъуэ насыпри зэтеуващ: ар хуэзащ езыр дэзыхьэх Iуэхугъуэхэр, псом хуэмыдэу театрыр, къыдэзыIыгъ, сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн къыхуэхъу бзылъхугъэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Кубань щIыналъэм иджыри зы украин унагъуэм - зэчий инкIэ тхьэр зэтам - лъабжьэ щидзащ.

Тхылъым хуиIэ лъагъуныгъэ инырщ Кирий Олексэ тхэным гу хуезыгъэщIар. «Сибирякхэр» зыфIэсща си япэ пьесэр, - игу къегъэкIыж тхакIуэм, - 1909 гъэм къытрадзауэ щытащ. Абы къыкIэлъыкIуащ украиныбзэкIэ дунейм къытехьа «Рідна нива» усэ тхылъыр. Абы и ужькIэ литературэм зэи пэIэщIэ сыхуэхъужакъым. Киеви Краснодари си тхылъхэр къыщыдэкIащ, нэхъыбэу сызэрытхэу щытар украиныбзэщ».

Дызэрыщыгъуазэщи, революцэм ипэкIэ тхэн щIэзыдза тхакIуэхэм дзыхь яхуимыщIыщэурэ совет критикэр зыкъомрэ екIуэкIащ. Иджыри пIалъэ пыухыкIа дэкIауэщ «початковцхэм» (тхэн щIэзыдзагъащIэхэм) кубань литературэм и зэхэублакIуэхэм ящыщ зыуэ Кирий Олексэ къыщалъытар. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуахэм ящыщ зыт «Збірка поезій» (1926), «У ногу з днями» (1931) усэ сборникхэр РАПП-м хэтхэм критикэ зэращIар. Нобэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым а тхылъитIым ятеухуауэ абы щыгъуэ ятхыгъахэр. Япэм щIыхуэшхыдар усэхэм купщIэшхуэ яIэу къызэрамылъытамрэ къэралым къыщекIуэкI Iуэхухэм, класс бгъэдыхьэкIэщIэм тету, усакIуэр зэрахущымытымрэт. ЕтIуанэ тхылъым щригъэлеяуэ, революцэ хъэтIыр тефэтэлэ Iуэхум хуигъэкIуауэ жаIэрт. КIэщIу жыпIэмэ, адэкIэ и гъащIэр зэрыхъуну егупсысын хуейуэ усакIуэм и пащхьэ къригъэуват лъэхъэнэ шынагъуэм.

Кирий Олексэ и творчествэм нэгъуэщIу зыкъридзэкIынымкIэ сэбэп къыхуэхъужащ и гъащIэ гъуэгуанэр. Ар езы тхакIуэм мыпхуэдэу къиIуэтэжыгъащ: «Илъэс щэщIкIэ сэ судым сыщылэжьащ, абы щыщу илъэс зыбжанэкIэ адыгей областной судым и секретарь нэхъыжьу. А зэманырщ сэ а лъэпкъым гъунэгъу сыщыхуэхъуар, абы и гъащIэм, и тхыдэм сыдихьэх щыхъуар».

Адыгэ лъэпкъым и къекIуэкIыкIар, ар зыхэпсэукI дунейр фIыуэ къыгурыIуэнымкIэ Кирий Олексэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуащ абы ныбжьэгъу пэжу иIа щIалитI. Япэу и цIэр къисIуэну сыхуейт адыгей литературэм и зэхэублакIуэхэм ящыщ зы, усакIуэ икIи драматург Цей Ибрэхьым Салихь и къуэм (1890 - 1936). Адыгэбзэм къыдэкIуэу ар украиныбзэкIи тхэуэ щытащ (*псалъэм папщIэ, Цей Ібрагім. Самотній. Харків-Дніпропетровське: Держане видавництво України, 1930. 44 с.*).

Апхуэдэу щIыщытыращ: революцэм и пэкIи и ужькIи адыгэхэр нэхъыбэу зыщыгъуазэу щытар «балачкэкIэ» еджэу украиныбзэм иIэ полтавэ диалектырщ, Кубаным нэхъ зыщызыубгъуауэ къекIуэкIарщ. А диалектыращ украинэ литературэбзэм лъабжьэ хуэхъуари. УсакIуитIым я зэныбжьэгъугъэр, яку дэлъ пэжыгъэр быдэ хъу зэпытурэ къекIуэкIащ. А тIур зэгъусэу экспедицэ зэдежьэрэ адыгэ жылагъуэ нэхъ пхыдзахэм нэгъунэ нэсу зэдэлэжьащ, лъэпкъ IуэрыIуатэр зэхуахьэсыжу, ятхыжу. Кирий Олексэ и усэхэмрэ рассказхэмрэ адыгэбзэкIэ мызэ-мытIэу зэридзэкIащ Ибрэхьым. Абы щыхьэт тохъуэ къуэкIыпIэ дунейр зыдж щIэныгъэлIхэм Харьков къыщыдагъэкIыу щыта «Східний світ» (Восточній мир) журналым и «Хроника» Iыхьэм хэту тIэунейрэ къытрадза хъыбархэр.

Адыгэ лъэпкъыр усакIуэм фIыуэ езыгъэлъэгъуа етIуанэ ныбжьэгъур Адыгей лъэпкъ музейм илъэс куэдкIэ щылэжьа, Полтавэ губернэм хыхьэ Омельник къалэм къикIауэ щыта щIэныгъэлI Маненкэ Павел Анатолий и къуэрщ (1881 - ?). А цIыху телъыджэм теухуауэ дызыщыгъуазэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мащIэ дыдэщ. Апхуэдэу къытхуэгъуэтакъым дунейм щехыжа илъэсри, ар къызэрыхъуа щIыкIэри. Къытхуэгъуэта тхыгъэ мащIэхэм къазэрыхэщымкIэ, и щIалэгъуэм ар жыджэру хэтащ Екатеринослав къыщызэрагъэпэщыгъа «Просвіти» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, УСДРП, Радикально-демократическэ партхэм хэтащ, украиныбзэкIэ тхылъ нэхъыбэ къыдэгъэкIыным хущIэкъуащ, уеблэмэ езыри тIэунейрэ хэтащ тхылъ тедзапIэ къызэIуихыну. ИтIанэ Екатеринослав гъущI гъуэгу IуэхущIапIэм контролеруи щылэжьащ. Ар щIалэм сэбэп къыхуэхъуауэ жыпIэ хъунущ Кубаныр фIыуэ къицIыхунымкIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а лъахэм кIуэцIрыкI гъуэгур Екатеринослав екIуэлIэж къудамэхэм ящыщ зыт.

Маненкэ Павел дихьэхащ адыгэхэм я псэукIэм, абы едж лъэпкъым и блэкIар, и хабзэ-зэхэтыкIэр. ЩIэныгъэлIыр куэдрэ зэлэжьа и къэхутэныгъэхэр лъабжьэ хуэхъуащ «Шэрджэсхэр» зыфIища и монографием. Украинэ литературэм щыяпэ а къэхутэныгъэр къыдигъэкIащ КъуэкIыпIэ дунейр зыдж украинэпсо щIэныгъэ ассоциацэм (Маненко П. Черкеси. Харків. Державне видавніцтво України, 1930). Къыхэгъэщын хуейщ, а лэжьыгъэр дунейм къызэрытехьэрэ къуэкIыпIэ дунейр джыным елэжь щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэр зэпызыщIэ лъэмыжу ар зэрыщытыр. Абы къыпкърыкIыжауэ жыпIэ хъунущ адыгэхэр я лъахэм зэрырахугъам теухуауэ Кирий Олексэ къытрыригъэдза и статьяхэр, «Східний світ» журналым усакIуэм зэридзэкIауэ къытехуа адыгэ уэрэдыжьхэр. ИужькIэ щхьэхуэу къыдэкIащ «Черкеські пісні, легенди, міти» тхылъыр, Кирий Олексэ зэридзэкIауэ, украин усакIуэ цIэрыIуэ, цIыхубэ лэжьакIуэшхуэ, академик Рыльский Максим и редактору (*Черкеські пісні, легенди, міти. Переклад О. Кирія. Х.-К.: «ЛИМ», 1932*). А тхылъым пэублэ псалъэ хуитхыгъащ адыгэ лъэпкъ литературэм и щыгум вагъуэщIэу къыщыунэхуа, «Гъубжэрэ Уадэрэ» областной газетым и редактор КIэрашэ Тембот (*КIэрашэ Тембот (1902 - 1988) 1931 гъэм Адыгей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и директору ягъэуваауэ щытащ. Лъэпкъ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжыным, къыдэгъэкIыным ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ ирищэкIуэкIащ. ЛитературэмкIэ Сталин (Къэрал) саугъэтым и лауреатщ*).

КIэрашэм фIыщIэ ин хуищIыгъащ адыгэ уэрэдыжьхэр зэдзэкIыным, къыдэгъэкIыным къаруушхуэ езыхьэлIа усакIуэм. Тхылъым абы хуитха пэублэ псалъэм дыкъыщоджэ: «Я блэкIам ухуеплъэкIыжмэ, адыгэхэр зэи тыншу псэуауэ хэплъагъуэркъым. Я тхыдэ гъуэгур зэрыщыту лъы защIэщ. Я лъахэр, я щхьэхуитыныгъэр яхъумэжу, увыIэгъуэ имыIэу къатеуэ бийхэм драгъэкIуэкI зауэхэм хэмыкIыущ абыхэм я гъащIэр зэрахьар. ЗыхэпсэукI гъащIэ хьэлъэм и нэпкъыжьэ телъщ адыгэхэм я бзэми, я хабзэми, я цIыху щIыкIэми, я IуэрыIуатэми. Аращ адыгэ уэрэдыжьхэм я нэхъыбэр, Кирий Олексэ и тхылъым еджэхэм ар фIыуэ къагурыIуэнщ, лIыхъужьыгъэм, зауэ гуащIэхэм, абыхэм къыщыхэжаныкIа зауэлI хъыжьэхэм ятеухуауэ щIыщытыр. А уэрэдхэр уIэгъэшхуэ зытелъ гу пцIанэхэм къиIукI гъыбзэщ, лъыр къапыткIуу, зэи зыгуэр къызыщхьэщымыжа, езыми апхуэдэ ищIэну Iэмал зрамыта лъэпкъым и псэм игъэIу гыз макъщ. Уеблэмэ пщащэ уэрэдхэми, къызэрыфэ уэрэд-къафэхэми ятелъщ а гуемыIу жагъуэр, факъырэу упсэуныр насыпу къыпщигъэхъужу.

Адыгэхэр къыщIигъэщIар кIэи пэи зимыIэ бийхэм езэуэн фIэкIа пщIэнтэкъым: зауэр, зэхэкъутэныгъэр, лIэныгъэр, хьэдэджадэм хуэдэу, ящхьэщыт зэпытт абыхэм. Я натIэ хъуа а Iуэхугъуэхэрщ я уэрэдхэм лъабжьэ яхуэхъуари. Бжыгъэншэ бийхэр къатеуэурэ я къуажэхэр зэхакъутэрт, я гъавэр ягъэсырт, абыхэм къелахэр, сахуэхэр зэбгратхъурти, лэжьэну губгъуэм ихьэжхэрт, «ихьэжхэрт я зауэлI хахуэхэм я хьэдэхэр дыжьыныфэ мазэщIэм хуэдэу лыду къыздрахыжахэм», «нэщI хъуа пщIантIэхэр бэрэжьейм зэщIищтэжырт», адыгэ пщащэхэм «я нэхэм къащIэлъэлъырт лъы нэпсхэр, вагъуэ хуэдиз я инагъхэу»... Ахэращ адыгэхэм я блэкIамрэ я уэрэдыжьхэмрэ зэрыгъэпщIар».

КIэрашэ Тембот адыгэ уэрэдыжьхэм я зэхэлъыкIэмрэ зытеухуахэмрэ ехьэлIауэ жиIауэ щытахэм я мыхьэнэр ноби кIуэдакъым: «Октябрь революцэм и пэкIэ адыгэхэм тхыбзэ яIакъым, я тхыдэри тхыжауэ щытакъым, ауэ яIащ я художественнэ фIагъкIи, образ ухуэкIэкIи, я купщIэкIи зыхуэбгъэдэ хъун щымыIэ IуэрыIуатэ къулей, адыгэ лъэпкъым и блэкIар IупщIу уи нэгу къыщIигъэувэжу.

Адыгэхэм я уэрэдхэмрэ гъыбзэхэмрэ нэхъыбэу зэхэзылъхьэр усакIуэ-джэгуакIуэхэрт. Абы къыхэкIыу къыщыхъу щыIэт кърат пщIэр зыхуэдэм елъытауэ «зи гупкIэ ис беижьхэм я уэрэд ахэр щежьуи». Апхуэдэхэм деж къызэрыхъу хабзэщи, абыхэм хаIэтыкIырт пщыхэмрэ уэркъхэмрэ. Ауэ, сыт хуэдизу зыкъыхагъэщыну ахэр хущIэмыкъуами, а уэрэдхэм нэхъыбэу яхэплъагъуэр ипэжыпIэкIэ апхуэдэ пщIэ къэзылэжьахэрщ. Уэрэд псори апхуэдэкъым, дауи. ЩыIэщ нэгъуэщI уэрэд, хъыбар гупышхуэ, ипэжыпIэкIэ езы цIыхубэм къигъэщIыжауэ, и гурыщIэри, и дунейри, и псэм фIэфIри фIэмыфIри къыхэщыжу.

Кирий Олексэ зэридзэкIахэм ящыщу къыхэгъэщыпхъэщ «ЩэрэлIыкъуэ Къызбэч и уэрэд», «Бзиикъуэ зауэм и уэрэд» жыхуиIэхэр... Лъыгъажэм хэмыкIыу къекIуэкIа лъэпкъым и блэкIам къигъэщIа уэрэдхэрщ Кирий Олексэ и тхылъым щызэхуихьэсахэр. Ауэ фIыуэ хэлъыр блэкIар зэрыщыту блэкIам къызэрыхуэнэжарщ».

ЗэдзэкIакIуэм и лэжьыгъэм тепсэлъыхьурэ КIэрашэ Тембот къыхегъэщ адыгэ уэрэдыжьхэм я поэтикэмрэ усэ гъэпсыкIэмрэ абы фIыуэ къызэрыгурыIуар. «Адыгэбзэм и зэхэлъыкIэмрэ усэ гъэпсыкIэмрэ, - къыхегъэщ КIэрашэм, - украиныбзэмрэ урысыбзэмрэ жыжьэуи екIуалIэркъым. Абы къыхэкIыу адыгэ уэрэдыжьхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр украинэбзэми урысыбзэми къыпхуигъэтIэсэну [illegible]

зэманым «къэралым и гущIэгъур» зыхуэунэтIар пащтыхьыжьым ебэн цIыхубэрауэ щытамэ, иужькIэ япэ ищу хуежьащ Урысейм къызэрыхагъэхьам и фIагъышхуэ езы лъэпкъхэм екIыжа хуэдэу. «Сталин хэгъэкъэбзыкIым» къела профессор А. Ковалевскэрщ 1961 гъэм къызэхъулIар КъуэкIыпIэ дунейр джыным елэжь украин еджагъэшхуэхэм зэрадзэкIа тхыгъэхэр антологие щхьэхуэу къыдигъэкIыну. А тхылъым ихуащ Кирий Олексэ зэридзэкIахэри.

Ауэ ар къыщыхъуар иужькIэщ. Иджы 30 гъэхэм дгъэзэжынщи, къыжытIэнщ и тхылъыр тхылъеджэхэм гунэс зэращыхъуам къигъэгушхуауэ, Кирий Олексэ ар дыдэр урысыбзэкIи къыдигъэкIыну мурад зэрищIыгъар. ИлъэсипщIым нэскIэ абы елэжьри, Краснодар тхылъ тедзапIэм и директор Иншаков П.К. и стIолым Iэрытхыр трилъхьащ. Абы пIалъэ къыхэмыкIыжу къытехутащ редакторым и унафэри: «КъыдэгъэкIын. 1941 гъэ, мэкъуауэгъуэ мазэ». ЗэрыгурыIуэгъуэщи, тхылъыр къыдэкIакъым. Апхуэдэу тхылъеджэхэм яIэрыхьакъым Кирий Олексэ украиныбзэкIэ зэридзэкIа «Бгырыс уэрэдхэр» тхылъри, авар, шэшэн, цудахар, лак, къумыкъу лъэпкъ уэрэдхэр зэрытри.

И насып нэхъ къикIауэ жыпIэ хъунущ «Адыгэхэр» поэмэ иным, адыгэ лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэ кIыхьыр къыщыгъэлъэгъуэжам. 1941 гъэм поэмэм и япэ IыхьитIыр дунейм къытехьащ, 1948 гъэм, Iыхьихыу зэхэту, ар къыдэкIащ. КъыжыIэн хуейщ, япэ IыхьитIым усакIуэр фIыуэ хэлэжьыхьыжауэ, зыкъомкIи игъэкIэщIыжауэ зэрыщытыр. 1949 гъэм тхыгъэр адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ Мейкъуапэ къыщыдэкIын хуеящ. Ауэ къыдэкIакъым, и щхьэусыгъуэми дыщыгъуазэкъым.

Кирий Олексэ и тхылъым хуэстха мы пэублэ псалъэм къыхэзмыгъэщу хъунукъым иджыри зы цIыху гъэщIэгъуэным и цIэр. Тхылъыр дунейм къытехьэным и Iуэхум абы куэд дыдэ хищIыхьащ. Зи гугъу сщIыр адыгэ лъахэдж цIэрыIуэ, IэфIыпс дэт курыт еджапIэ №4-м урысыбзэмрэ литературэмрэ илъэс куэдкIэ щезыгъэджа Мэретыкъуэ-НэгъущI Мирэ Хьэжы-Ислъам и пхъурщ. Ар сэ сигъэцIыхуауэ щытащ Кирий Олексэ и къуэрылъху Консуэллэ. Абы щыгъуэ илъэс зыбжанэ хъуауэ Мирэ елэжьырт «Дыгъужьыкъуэ Къызбэч (документхэмрэ хъыбархэмрэ къазэрыхэщымкIэ)» тхылъым, кавказ бгырысхэм я лIыхъужь, «Ди лъэхъэнэм и лIыхъужьхэр» щитхым щыгъуэ, Лермонтов Михаил Казбич и образыр («Белла» повесть) къызытрищIыкIам теухуам. И щIалэгъуэм щегъэжьауэ Мирэ дэзыхьэх лъэпкъ лIыхъужьыр «Адыгэхэр» поэмэм мызэ-мытIэу къызэрыхэщыр къыщищIэм, къэкIуащ ар зи IэдакъэщIэкIым деж икIи кубань унагъуэм «ящыщ» хъуауэ илъэс куэдкIэ къекIуэкIащ. Адыгэ къэхутакIуэр куэдрэ яужь ихьащ поэмэр къыдигъэкIыжыну, ауэ и мурадыр къемыхъулIэурэ къекIуэкIащ. ИкIэм-икIэжым абы и макъыр зэхахащ республикэм и къэрал унафэщIхэм. ЦIыхубзыр иригъэблагъэри и лъэIум къедэIуащ Адыгейм и президент Джарым Аслъэн. ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуауэ иужькIэ Мирэ тхыгъэ къытрыригъэдзащ «Согласие» газетым: «Аслан Алиевич гуапэу къысIущIэри гупсэхуу къызэдэIуащ, зыгуэрхэр тхылъымпIэм тритхэурэ, «лэжьыгъэшхуэ езгъэкIуэкIым папщIэ» фIыщIэ ини къысхуищIащ... ЕтIуанэу абы и деж сыщрагъэблэгъам щыгъуэ, сэ къэсщIащ поэмэр президентым игу зэрырихьар икIи ар къыдэгъэкIыжын зэрыхуейр. Иджы дызыхуейр зэдзэкIакIуэ Iэзэт. ЩхьэлахъуэIэбурэ сэрэ дызэчэнджэщри акъылэгъу дызэдэхъуащ Бэрэтэр Хьэмид нэхърэ нэхъ зэдзэкIакIуэфI дэ зэрыдмыгъуэтынумкIэ». Ауэ зэманыр зрихьэлIар 90 гъэхэрт, я щхьэр къызэрыхахын фIэкIа нэгъуэщI Iуэху цIыхухэм щызэрамыхуэфырт. И къулыкъур къигъэнэн хуей хъуащ Джарым Аслъэни, зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ Мири. Апхуэдэу и гъащIэ Iыхьэр иухащ а цIыхубз телъыджэм, къыпхуэмыIуэтэным хуэдизу гу къабзэ зиIам, и мурад мытыншым емызэшыжу телэжьам. Адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэм и хъуэпсапIэр игъэзэщIащ усакIуэ цIэрыIуэм и къуэрылъху Кирий Консуэллэ Алексей и пхъум.

* * *

КАВКАЗ зауэшхуэр зэриухрэ илъэси 150-рэ блэкIами, ар мыкIыж уIэгъуэу я гум къытенащ щхьэхуитыныгъэр егъэлеяуэ фIыуэ зылъагъу бгырыс лъэпкъхэу Урысейм и ипщэ щIыналъэм щыпсэухэм. Мы тхылъыр къыдэгъэкIыным елэжьахэр хуейкъым зэгуэр зэгурымыIуэныгъэ зяку дэлъа лъэныкъуэхэр абы зэщигъэIеину, атIэ зыхущIэкъуар украин-урыс усакIуэ Кирий Олексэ и нэхэмкIэ блэкIам и напэкIуэцI хьэлъэхэм зэ тхылъеджэхэр иригъэплъыжынырщ. МафIэм зэщIищта теплъэгъуэхэм щатетхыкIи, абы зэи зыщигъэгъупщэу щытакъым лъэпкъхэр зэкIужын, мамыру къызэдекIуэкIын, адыгэ-урыс зэкъуэмрэ зэныбжьэгъугъэ Урысейкlэ зэджэ унагъуэшхуэм щыхъуну зэрыхуейр. Абы тхакIуэм и къаруми и зэхэщIыкIыми хигъахъуэрт, лъэныкъуитIымкIи абы хэкIуэдахэр игу къеуэрт, фIыуэ къигурыIуэрт зэгуэр а зауэри Iэмал имыIэу зэриухынур... игъащIэ къытримыгъэзэжыну.

ЧУМАЧЕНКЭ Виктор,
профессор.

Цей Ибрэхьым

КIэрашэ Тембот

ЩІэблэ ІэпщІэлъапщІэ

● Щэнхабзэм и илъэс

Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ эстетикэ гъэсэныгъэмкІэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цІэр зезыхьэ Іэуэхущ1апІэм и егъэджакІуэхэмэ я гъэсэныгъэм я лэжьыгъэ гъэпытэгъуэнхэр. Ар теухуащ 2014 гъэр Щэнхабзэм и илъэсу зэрагъэувам.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хагъэхьа хьэпшыпхэм удахьэх, сурэтхэм узыІэпашэ, арджанхэм, дыщэидэхэм кьыпхуэзІуах лъэпкьым кьыдэгъуэгурыкІуэ тхьпхъэхэм я дахагъэр. Гъуэщым, пхъэм кьыхэщІыкІа хьэкъущыкъуэхэм кьагъэлъагъуэ лэжьыгъэр зи Іэрыкіэхэм я Іэпщіэлъапщ1агъэр. Ар зыхуэдэр кьэзыгъэлъагъущ лъэпкъ фащэ теплъэ зиІэ, дыщэ Іуданэкіэ хэдыкІа, махуэ кьэс щыпІагъэ хъуну бостей дахэхэр, дыжьын бгырыпхэр. Ахэр зылъагъу хьыджэбзхэр а хьэпшыпхэм емыкъуапсэу кьэнэнт?!

НыбжьыщІэхэм я лэжьыгъэхэм кІэхощ адыгэ лъэпкъым и блэкІар, и тхьдэ гъэгуанэр, и щэнхабзэ, гъуэздж хъугъуэфІыгъуэр. ЦІыкІухэм я сурэтхэр плъыфэкІэ зэмыфэгъущ, дунейр щхъуэкІэплъыкІэу зэралъагъум и щыхьэту. Псом хуэмыдэу ныбжьыщІэхэм кьехъулІащ лъэпкъ фащэхэмкІэ хуэпауэ ящІа пщащэ, щауэ гуащэхэр. Гъуэзджэм дихьэх щІэблэ Іэпщіэлъапщ1э республикэм кьызэрыщІэхьэр гуапэщ - араща с псор щыплІагъукІэ узэгупсысын, узыгъэгуфІэр.

Лъэпкъ музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс** кьрихьэлІаэхэм фІэхъус гуапэ ярихри, япэ псалъэр иритащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

Мухьэдин кьыхигъэщащ гъуэзджэм и щэхуэхэм зыхэзыгъэгъуазэ щІэблэм я псэм дахагъэр кьы-зэрыщыушым фІыгъуэ куэд кьрикІуэну зэрыщыгугъыр, мы гъэлъэгъуэныгъэм кьрихьэлІэ дэтхэнэми щІэщыгъуэ, гъэщІэгъуэн гуэрхэр кьаззэрыпэлъэр. Ар ныбжьыщІэхэм ехъуэхъущ я Іэзагъэм хагъэхъуэну, гъуэзджэм ехъулІэныгъэ куэд щалэну.

Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Къуныкъ ХьэІишэт** гъэлъэгъуэныгъэм зыкъ-резыгъэхьэлІаэхэм фІыщІэ яхуищІа нэужь, жиІащ и гъэсэнхэм я Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэхэм гъэ еджэгъуэм и кІэухым ирихьэлІэу зэрыгъэпІъэр, нэхъыфІу кьалъытахэр республикэ гъэпытэныгъэм зэрыхахъэхьэр, я егъэджакІуэхэу Елгъэр Мадинэ, Гацалаевэ Николайрэ Светланэрэ, Хьэх Анжелэ, Туфай Мурат, Брай Ратмир, Мэзло Руслан, Тыкъуэ Динэ сымэ зэрыІэзэр, лъэпкъым и щэнхабзэ, гъуэздж хъугъуэфІыгъуэхэр кьагъэщІэрэщІэжьынымэ зэрытелажьэр, сабийхэр фІыуэ зэралъагъур.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхмкІэ и чэнджэщагъу **Теппевэ Іэсиат** жиІащ мы Іуэхущ1апІэм и егъэджакІуэхэмрэ и гъэсэнхэмрэ езым я хъэтІ зэралэжьыр ехъулІэныгъэу кьэплъытэ зэрыхъунур, республикэм и гъуэзджэ, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр абыхэм зэрагъэбэгъуэнур, кьэкІуэну щІэблэм я деж ахэр зэрынахьэсынум шэч кьызэрытрамыхьэр. Абы республикэм и Жылагъуэ палатэм и щІыхь тхьпІыр яритыжащ Іуэхущ1апІэм и егъэджакІуэ Іэпщ1элъапщ1эхэмрэ ныбжьыщІэ зэчиифІэхэмрэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм зи лэжьыгъэхэр хагъэхьа ныбжьыщІэхэм я анэхэм, анэшхуэхэм Іуэхущ1апІэм и егъэджакІуэхэм фІыщІэ хуащІащ, я сабийхэм я зэфІэкІым зэрызрагъэужьым папщІэ.

Кьумахуэ Мухьэдин ныбжьыщІэ Іэпщ1элъапщ1эхэм, абыхэм я егъэджакІуэхэм, адэ-анэхэм щІыхь тхьпІъэр яритыжащ.

СурэтыщІ **Жылэ Анатолэ** жиІащ эстетикэ гъэсэныгъэмкІэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цІэр зезыхьэ Іуэхущ1апІэм и зыужьныгъэм гъэ кьэс зэрыхихгъахьуэр, ар республикэми нэгъуэщІ щІыпІэхэми кьызэрыщащІыхуар, я лэжьыгъэхэр щІыпІэ куэдым зэрыщагъэлъагъуэр зэриГуапэр.

Радиом и директор **Гъурф Беллэрэ** Налшык кьалэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Токъуий Мадинэрэ** Іуэхущ1апІэм и егъэджакІуэхэм фІыщІэ хуащІащ сабийхэр гъуэзджэм, дахагъэм зэрыщІапІыкІым папщІэ.

ТекІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

ЗэІущІэм и 120-нэ дакьикъэм джэгупІэ губгъуэм кьрагъэхьа гъуащхьэтет Крул пенальтитІым кьригъэгъэзэри Нидерландхэр финал ныкъуэм игъэкІуащ.

● Дунейпсо чемпионат

Европэмрэ Америкэ Ипщэмрэ я зэпэщІэтыныгъэ гуащІэ

Тодджэгумкіэ XX дунейпсо чемпионатым финалым и Іыхьэ пІанэм нэсар Европэмрэ Америкэ Ипщэмрэ икІа командэ кьыхэхэхэщ. Абы кьегъэльагъуэ а континентитІым иджыри куэдрэ футболым тепщэныгъэр зэрыщамыутІыпщынур.

Иджыри кьэс зэхэта дунейпсо чемпионат 19-м ящыщу 10-м Европэм икІахэр щытекІуащ (Италиер - 4, ФРГ - 3, Инджылызыр, Франджыр, Испаниер – зэрызэ), адрей 9-м Америкэ Ипщэр щынэхъыфІащ (Бразилиер - 5, Уругвайр - 2, Аргентинэр - 2). Зэрынэрылъагъущи, зэпэщІэтыныгъэр хуабжьу гуащІэщ икІи уддэхьхэщ.

Бразилием щекІуэкІ зэпеуэм зы лъэныкъуэ гуэрым и тепщэныгъэр игъэбелджылакъым. Финалым и 1/8-нэ Іыхьэм Европэмрэ Америкэ Ипщэмрэ командэ плІырыплІ игъэкІуати, адэкІэ тІурытІ пхырыкІащ.

Ялэу джэгупІэ губгъуэм кьихьащ Германиемрэ Франджымрэ я гуп кьыхэхахэр. Абыхэм я зэпэщІэтыныгъэм нэмыщІэхэр щытекІуэну нэхъ хуагъэфащэт. Икіи апхуэдэу кьэхъуащ. Епщыкіущанэ дакьикъэм Хуммельс дигъэкІа топым Германиер еплІанэу зэкІэлъхьэжьу дунейпсо чемпионатхэм я финал ныкъуэм игъэкІуащ. Ар зыхуэфІэкІа иджыри кьэс нэгъуэщІ кьэхъуакъым.

Бразилиемрэ Колумбиемрэ я зэпэщІэтыныгъэмэ зэхьэзэхуэм и хэгъэрейхэр пасэ дыдэу ялэ щищащ - Силва Тиагу ебланэ дакьикъэм бжьыгъэр кьызэІухкащ. Джэгум и етІуанэ Іыхьэм пентакампионхэм (тхуэнейрэ чемпион хъуахэм) я тепщэныгъэр игъэбэгъащ икІи гурыІуэгъуэ ищІащ ахэр финалым и Іыхьэ ныкъуэм зэрыкІуэнур.

Мыгъэрей дунейпсо чемпионатым и гуащхьауэ нэхъ Іэзэ Родригес 80-нэ дакьикъэм еханэу кьыхэжаныкІыу бжьыгъэ 2:1 ищІа пэтми, хэгъэрейхэм я ефІэкІыныгъэр кьагъэтІэсэхьащ. Абы щыгъуэми Бразилием я текІуэныгъэм уасэшхуэ щІитащ - ялэщІыкІэ етІуанэу дагъуэ кьыхуащІащ гупым и капитан Силва, кьыкІэлъыкІуэу я футболист нэхъыфІ дыдэ Неймар фэбжь хьэлъэ игъэтащ. Ялэр иджыри финалым щыджэгуфынумэ, етІуанэр зэман кІыхькІэ футболым пэлэщІэ хъуащ. А тІур хэмыту Бразилиер Германием текІуэфыну фІэщащІыгъуейщ.

Аргентинэрэ финал ныкъуэм щыгуІысфынукъым и гуащхьауэ нэхъыфІхэм ящыщ зы Ди Марие. Ауэ абы и фэбжьыр нэхъ кІащхъэщ икІи финалым иригъэлІэу кьыззэфІэувэжьыфыну щогугъ. Аргентинэр Бельгием тригъэкІуащ еянэ дакьикъэм Игуаин дигъэкІа топ закъуэм.

Коста-Рикэм и командэм куэд итхьэкъуауэ Бразилиер ебгынэ. Ар зыми кьыхигъэщІэфакъым. Финал ныкъуэм хухаха сыхьэтитІи 0:0-у иухри, Нидерландхэр абы кьызэрефІэкІар зэІущІэ нэужьым ягъэззащІа пенальтихэм кьарикІуахэмкІэщ - 4:3.

Араща, Бразилием щекІуэкІ XX дунейпсо чемпионатым и командэ нэхъыфІилІыр haІуэ хъуащ. Абыхэм ящыщу чемпион цІэр хэт нэхъ хуэфащэми кьыкІэлъыкІуэ джэгугъуитІым зэхагъэкІынущ. Ныжэбэ финал ныкъуэм щызэІущІэнущ Бразилиемрэ Германиемрэ я командэ кьызэхахэр. Пщэдей жащ Нидерландхэмрэ Аргентинэмрэ зэпэщІэуэнущ. ТекІуэхэр дыщэм щІэбэнущ, хагъэщІахэр ещанэ увыпІэм иризэныкъуэкъунущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.



● Бахъсэн щІынатІэ

Пшынэ Іэпэр мэбзэрабзэ

РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист Пщыхьэщ1э Мухьэдыр и фэепІъу зэпеуэ щрагъэкІуэкІащ Бахъсэн районым хьхъэ Къулькъужьи Ищхьэрэ къуажэм и 4-нэ курыт школым.

БАХЪСЭН районым Щэнхабзэмкіэ и центрым и жэрдэмкІэ ирагъэкІуэкІа а Іуэхум щызэхьэзэхуащ пшынауэ 18. Лъэпкъ максимэ Іэмэпсымэр зэрагъэІэрыхуэфыр абыхэм ирагъэлъагъун хуейт ди цІыху цІэрыІуэ куэд хэту зэхаща кьэпщытакІуэ гупым. Ахэр - КъБР-м, КъШР-м щІыхь зиІэ я артисткэ Хьэрэдурэ Динэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Къуэдз Іэбубэчыр, Бахъсэн районым и Іэтащхьэм и къуэдзэ Іэхъуэбэч Анзор, лэжьыгъэм и ветеран Нэхущ Адэлбий сымэт.

ХьэщІэ лъапІэу зэхьхьэм кьебдэгъат Пщыхьэщ1э лъэпкъым и нэхъыжьхэр, пшынауэ Іэзэ Абыкъу Светланэ, КъБР-м и цІыхубэ артист Кьэжэр Борис, Зеикъуэ дэт Сабий музыкэ школым и унафэщІ Жылау Арсен, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм я лэжьакІуэхэр, къуажэдэсхэр.

Пшыхьым ягу кьащІагъэкІыжащ Пщыхьэщ1э Мухьэжыр и гъащІэмрэ и Іэщ1агъэмрэ зыхуэдэр. Илъэс 90 зи ныбжь Пщыхьэщ1э Машэ жиІащ Мухьэжыр иджыри цІыкІуу, илъэси 5-м иту, пшынэ еуэн щІидзауэ зэрыщытар зэрищІэжьир.

Зэпеуахэм кьыхэжаныкІахэр ягъэлъэпІэжащ зэхьхьэм и кІэухым. Ялэ увыпІэр кьихьащ Мэремкъул Ибрэхым, етІуанэ хъуащ Жыгун Эдуард, ещанэр - Ныр Азрэтщ. ЩІалэгъуалэм щІыхь тхьылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратащ.

Зэхьэзэхуэм нэхъыщІэ дыдэу хэта Бадзэ Даринэрэ (Налшык щыщ, илъэси 6 хъуауэ аращ) Къулъкъужьи Ищхьэрэ щыщ Къуэщ1ысокъуэ Мухьэмэдрэ кьызэхуэсахэм я гур кьызэрахьэхуфам папщІэ тыгъэу ираташ щІыхь тхьылърэ «Баксанский вестник» газетым кьыбгъэдэкІа ахъшэ саугъэтрэ. Хьэрэдурэ Динэ и уэрэдкІэ пшыхьыр зэхуащІыжащ.

АБАЗЭ Лерэ.

● Аруан щІынатІэ

Сабийхэр ягъэгуфІэ

Нарткъалэ и «райпо» хъэбдэм хуэзэу щыІэ парк щыкІуэм нэгъабэ щауху щащ пластикым кьыхэщІыкІа сабий джэгупІэ зэпащ. Абыхэм я бжьыгъэм иджыблагъэ иджыри тІу кьахэхъуащ - кьалэ парк нэхъыщхьэм зыр, адрейр кьалэ дэлъэдапІэм дежщ ыт псыутхым ибгъукІэ.

КЪАЛЭ администрацэм и Іэтащхьэ Батий Исмэхьил щыгъуазэ дыдэрищІамкІэ, сабий джэгупІэхэр Нарткъалэ и теплъэр егъэфІэкІуэным теухуа программэм ипкъ иткІэ яухуэ. Псори зытеухуэжар сабийхэм я гукъыдэжыр кьэІэтыныгъэ шынагъэ здэщыІэ щыпІэхэр (гъэгубгъуэхэр) джэгупІэ ямыщІынымрэщ.

ДжэгупІэхэм ящыщ зыр кьалэ мылъкъуэ кьыхэкІа ахъшэкІэ ягъэуващ, адрейм текІуэдар «Импульс» ООО-м и унафэщІ Тэхъу Арсен кьахуиутІыпщащ.

Абыхэм ящыщ дытхэнэми сом мин 330-рэ текІуэдащ.

Нарткъалэ нэгъуэщІ аттракцион зэрыдэмытыр кьэплъытэмэ, мы щІэуэ ягъэувахэм псори щыгуфІыкІащ. Ауэ кьалэдэсхэм кьагурыІуэн хуейщ, джэгупІэхэр, хъыринэхэр, турникхэр ильэси 10 ныбжьым фІэмыкІахэм ятещІыхьауэ зэрыщытыр икІи абы кьыхэкІыу дэтхэнэ зы пкъыгъуэри нэгъуэщІ джэгупІэ зимыІэ сабий нэхъ цІыкІухэм яхуэхъумэн зэрыхуейр.

ШЭРЭДЖ Диса.

Экстремист тхыгъэу къалъытэ

● КъБР-м и прокуратурэм

Терроризм, экстремизм идеологиехэм я пхыгъэкІакІуэхэм, ипхуэдэу абыхэм Интернеткіэ жыджэру зэбграгъэх тхыгъэхэр республикэм и прокуратурэмрэ хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэмрэ хъыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ зэрапэщІэт щІыкІэр ягъэлъэщ. Абы и фІыгъэкІэ, республикэм щызеуэ бандэ щэхурылажьэм хэтхэм видеокІэ щІыхухэм зэрызыхуагъазэ экстремист хъыбарегъащІэ тхыгъэхэр Интернеткіэ зэбгрезыгъэх сайтхэм ящыщ зыр мазае кІуам къахутащ.

ЩЫЗЭХАГЪЭКІЫМ, «Экстремист хъэгъащ1агъэхэм япэщІэтыным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и япэ статьям кьызэрыщІагъэлъэгъуам хуэдэу, зэрызыхуагъазэм экстремизм нэщэнэхэр хэлъу кьыщІэкІащ.

Апхуэдэ хъыбархэр зэбграмыгъэкІын мурадкІэ, республикэм и прокурорым и кІуэдзэ Махуэ Артур хэту, Налшык къалэ судыр нэгъабэ мэкъуауэгъуэм и 19-м хэплъащ икІи арэзы текъуащ бзаджащІэхэм Интернеткіэ зэбграгъэх хъыбархэр экстремист тхыгъэу кьегъэлъытэным, Урысей Федерацэм и щІыналъэм ахэр щызэмыгъэкІуэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм игъэхьэзыра тхылъым.

Мы лэжьыгъэр хуэунэтІащ социальнэ, лъэпкъ, дин лъагъуныгъэмрэ зэбиныгъэмрэ зэщІэзыгъэст, ахэр зи лъабжьэ мыхъумыщІагъэхэр кьэралым зэрыщызэбграгъэкІыр кьызэпыдыным.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Хъыбарегъащ1э

Инджылызыбзэр зэвгъащІэ!

Бадзэуэгъуэм и 14-м щІедэж инджылызыбзэм щыхурагъаджэ школым и лэжьыгъэм. Абы щІэтІысхьэнухэр мэкъуауэгъуэм и 11-м щегъэжьауэ ятх. Гупхэр ильэси 8 - 14, ильэс 15 - 18 хъухэм ятещІыхьауэ къызэрагъэпэщыщ.

ЕджапІэм къеХуащІэхэр гъэмахуэ мазэхэм къырыбыдэу инджылызыбзэкІэ псэльэфу, къеджэфу, тхэфу ирагъэзэнущ. Абыхэм ядэлэжьэнур ильэс 30-кІэ США-м и егъэджакІуэу щыІащ.

ЕгъэджакІуэм урысыбзэ зэримыщІэм къыхэкІыу школым щІагъэтІысхьэну ятххэр адыгэбзэ зыщІэхэрэщ.

Телефоныр: 8-967-417-78-85.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и кьэрал комитетыр, КъБР-м и Журналистхэм я союзым и правленэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка», «Баксан», «Баксанский вестник», «Голос Чегема», «Зольские вести», «Лесканская газета», «Майские новости», «Маяк», «Вести Прохладного», «Прохладненские известия», «Терек», «Черекские вести», «Эльбрусские новости» газетхэм я редакцэхэм я лэжьакІуэхэр «Баксан» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ЩІоджэнцІыкІу Лидие Мухьэмэд и пхъум** хуогузавэ абы и шыпхъу, «Баксан» газетым и лэжьакІуэ **Машэжь (ЩІоджэнцІыкІу) Тамарэ Мухьэмэд и пхъур** зэрылІам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Жьэкіэмыкъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэпыдкэ Замирэ, Хьэжькъэрэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзыкІуэхэм - 42-22-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалІэта Іуэхутыгъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм ящу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору НэщІэпыдкэ Замирэ, корректорхэу Щодкэн Инир** *(1, 2-нэ нап.)*, **Мырзэкъан ФатІимэ** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютерІэ газетым и технлэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Мэзбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.002 ● Заказ №1338